

Ijambo rya buri munsu
Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umunsu

IGICE CA 1

Nzr-Ruh-Ntw

2026

Inkuru Nziza

Imisi Yose

KUBUNTU

Kugurishwa Ntivyemewe

Ni inkuru nziza ya buri muntu yamaze
kurwara n'ubushyamba bwo mu
bura bashobora gukomeza kubungira

Nk'uko amaze ahera umuntu anyatwe cane, Ni ko n'inkuru nziza zimera, zivuye muhugu ca kure (Imigani 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



IVYEREKEYE IGITABO C'INKURU NZIZA YA BURI MUSI

Igitabu c'Inkuru Nziza Ya Buri Muni ni ljambo ryawe ry'ubuvugishwa ku musi ku musi kandi ni igitabu rukristo cubahwa, canditswe kugira ngo gitange ubumenyi mu vy'impwemu kuri buri musi wose w' umwaka. Gitanga ubumenyi bwimbitse, amahishurirwa akomeye, n'ukwatura k'ubuvugishwa vya minsi yose agenewe kurongora abasomyi mu buzima bushingiye kuri Kristo, bushingiye ku nyigisho zihindura n'amahishurirwa atangwa n'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel. Ico gitabu gisohoka buri mezi atatu, citandukanije n' ibindi kubera gishika kw'isi yose, gitangwa ku buntu kandi mu ndimi nyinshi zitandukanye kugira ngo gitsinde intambamyi z'indimi kandi kugira ngo ubutumwa buhindura ubuzima bushikire umuntu wese, aho ari ho hose kw'isi yose. Kigizwe n'imigwi itatu, igitabo c'abakuze, imiyabaga, hamwe n'abana bato kigatanga ljambo ry'ubuvugishwa k'urunganwe, kigakomeza imiryango gukurira hamwe mu kwizera hamwe n'ihishurirwa.

UEBERT NA BEBE ANGEL

Kubera ko Uebert na BeBe Angel bafise uburambe hamwe n' ubumenyi bwinshi mu gikorwa c'Imana, baracitse amajwi azwi cane mu gukwiragiza Inkuru Nziza y'ubuntu bw'Imana (Euangelion) no guteza imbere ibango ry'ubuvugishwa kw'isi yose. Kubera ko ari abanditsi b'ibitabu bikomeye cane nk'ivyo bita "Intambara yo mu vy'impwemu", "Ibanki z'amasengesho", "Ubushobozi burengeye bw'uwizera", "Ubuzima burongowe n'ubuntu", hamwe n'igitabo c'Inkuru Nziza ya Buri musi", baragize intererano zihambaye mu bitabu vy'abakristo. Uebert na BeBe Angel bazwi cane kubera umuhamagaro wabo, ubuhinga bushasha bwabo n'uburongozi bufise inguvu bwabo, ni abavugabutumwa baronderwa cane. Nk'imboneza zo kw'isi yose mu vy'ubuvugishwa bakaba n'abatanguye Ishengero ry'Inkuru Nziza canke The Good News Church mucongereza, Ambassade ya Mpwemu (Spirit Embassy), kandi bafise ibango ry'ubuvugishwa, baragize ico bakoze cane ku buzima bw'abantu amamiliyoni kw'isi yose, biciye m'umutima wabo wo gukwiragiza ihishurirwa ry'Inkuru Nziza n'ububasha mpindurabuzima bw'ubuntu bw'Imana (Euangelion).



KUWA KANE, IGENEKEREZO
RYA 1 NZERO

GoodNews
DAILY

KAZE MUMWAKA W'AMAVUTA ATANGAJE IBITANGAZA BIDASANZWE

Ivyakozwe n'Intumwa 19.11

Kand' Imana ikoresha amaboko ya Paulo ibitangaza vy'agaheta

Ijambo "ikoresha" muri uyu murongo rituruka kw'ijambo ry'ikigiriki poiéō, risobanura gukora canke kwubaka ikintu mu buryo bw'ubuhanga canke bwo kurema. Iri jambo riduhishurira ko ibitangaza vyabaye i Efeso vyari nk'ibitangaza vyo kurema, vy'ubuhanga, bidasanzwe, ivyo abantu batari bwigere babona.

Intumwa Paulo yisanze ari mu karere k'ibitangaza bidasanzwe, vyarenze kure ivyari vyitezwe, vyarenze ibitangaza vyose yari yarabonye imbere mu vyo yakoze mu gikogwa c'Imana. Ivyo vyari ibimenyetso vy'Imana vyo ku rwego rwo hejuru cane.

Raba aho bavuga ngo "amaboko ya Paulo." Ivyo vyerekana ko Imana ikora imigambi yayo biciye mu bana bayo. Biciye mu maboko yawe nyene, intahe zidasanzwe zizogaragara. Uzokora ibitangaza bitigeze biboneka mu muryango wawe, ku kazi kawe, no mu kindi kintu cose kikwerekeye kandi bigeye gutangura ubu nyene!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uyu ni umwaka wanje w'ibikorwa bikomeye n'ibitangaza vyo ku rwego rwo hejuru. Ndavugishijwe kuri buri musi w'uyu mwaka mushasha uzane ivyiza vy'Imana kuri jewe. Uyu si umwaka wo gutsindwa; ni umwaka wo gutsinda mw' Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Mariko 16:17-18



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 1**
Itanguriro 1-3; Matayo 1

KUWA GATANU,
IGENEKEREZO RYA 2 NZERO

GoodNews
DAILY

MBEGA IBIMENYETSO BIRI HE?

Mariko 16:17-18

Kand' ibimenyetso bizokwama biboneka ku bizera n'ibi: bazosenda abadayimoni mw' izina ryanje; bazovuga indimi nsha; bazofata inzoka; ni banywa ikintu cica, nta co kizobagira na gatoya; bazorambika ibiganza ku barwaye, bakire.

Yesu arekana ibimenyetso biranga abamwizera. Ivyo bisigura ko nimba wizera vy'ukuri Yesu, ntaco wotinya. Nimba utinya indwara, Shobuja, gutanguza urudandaza canke kampuni canke imigenderanire, none iyo Mana wizera ni nyabaki?

Ivyanditswe vy'uno musu bivuga yuko ibimenyetso bidasanzwe kandi bikomeye bikurikira abizera Imana. Nimba ibimenyetso bitagurikira, raba neza urugezo rw'ukwizera kwawe urukosore.

Narambitse ibiganza ku bantu ibihumbi n'ibihumbi barwaye indwara zandukira cane, ariko nta na rimwe nigeze ntinya kwandura. Ndazi uwo ndi we, kandi ubwoba ntiburi mu maraso yanje canke mubingize.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uyu mwaka w'amavuta atangaje sinzoshikigwa n'ikintu na kimwe kibi canke gihumanya. Satani yaracerewe kunshira hasi, naratsinze mw' Izina rya Yesu! Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 10:19



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 2**
Luka 1 :1-20 ; Zaburi 1-3

KUWA GATANDATU,
ITARIKI 3 NZERO

GoodNews
DAILY

NDIZERA IBITANGAZA

Abaheburayo 2:4

Kandi Imana yemeje ubwo butumwa biciye ku bimenyetso, ibitangaza n'utwumiza, n'ibikorwa vy'igitangaza bitandukanye, hamwe n'ingabire za Mpwemu Yera igihe cose abihisemwo.

Birababaje kubona hari abantu bavuga ivya Bibiliya ariko bakavuga ko ibitangaza bitakibaho. Ivyo ni ivyiyumviro vyuzuyemwo ubugunge n'ugusamaza hamwe n'ukutamenya. Bamwe muri twebwe tubayeho, duhema, tubona, kandi tugira ivyo bitangaza uko bukeye n'uko bwije, nukuvuga kumusi kumusi. Kwizera Imana ni ukwizera ibitangaza. Nimba utizera ibitangaza, ntiwizera Imana!

Igitangaza ni ukwivanga kw'Imana mu buzima bw'abantu hamwe no mubiberekeye. Imana, kuko ari impwemu, iba mu bwami bw'impwemu. Iyo yishuye amasengesho ivuye muri urwo rwego rutaboneka, bikaza mu bigaragara, ico ni igitangaza.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, Imana iripfuzza kuduza urwego rw'ibitangaza mu buzima bwawe. Turi mu bihe vy'ibikorwa bidasanzwe bitigeze bibaho. Tangura gukora ijamba ry'Imana kandi wubake ukwizera kwawe gushika aho ibitangaza biba ibisanzwe mu buzima bwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndatangaza umusunikano w'ibitangaza mu buzima bwanje ubu nyene, biciye ku bubasha nahawe na Mpwemu Yera! Ikintu cose kibuze mu buzima bwanje, ndagitegetse kugaragara ubu nyene nkivuga mw' Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO

Mariko 16:20



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 3**

Itanguriro 4-6; Matayo 2



HITAMWO INZIRA

Matayo 7:13

Muce mw'irembo ripfunganye; kukw' irembo ryagutse, n'inzira y'igihamo, ari ryo rijana abantu mu mahonero, kand' abahaca ni benshi.

Iyumvire uhawe misiyo y'akazi ukaba ufise inzira zibiri zo gucamwo: inzira yoroshe ariko iherekajwe n'urupfu, hamwe n' inzira igoye ariko irangira mu buzima. Umukristo wese yovuga ko yohitamwo inzira y'ubuzima. Ninde yipfuza gupfa? Ariko rero si uko biboneka mubuzima bwa misi yose.

Hari abakristo bagize ingendo yo ku nzira yoroshe y'ivy'isi, yuzuye amatara amurika, umuziki uryoshe, imigenderanire yo kwinezerereza, n'ibindi vyose bihambaye isi itanga. Ariko ubwo iyo nzira ni nziza koko?

Bavukanyi, Satani ntiyoshobora guhindura Ikuzimu ahantu heza, ariko ico akora afata inzira ijayo akayigira nziza. Mwirinde ivyiza n'ibinezereza vy'iki gihe vy'isi, vy'akanya gato. Niwihe uyu mwaka umugambi wo kutigera uva ku ruhande gwi'inzira rifunganye rijana mu buzima budashira.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndavugishwa yuko ubuzima bwanje butazigera buzimira ku nzira yagutse. Mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje amaso yanje yuguruwe kurushiriza kugira menye amayeri ya satani. Satani yaramaze gucerekwa kubinyerekeye—sinzokwigera nsamara! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 13:24



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 4**
Itanguriro 7-9; Matayo 3

KUWA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 5 NZERO



SIMBIRAMWO UTANGURE!

Mariko 9:38-39

Yohana abwira Yesu ati: “Mwigisha, twabonye umuntu akoresha izina ryawe yirukana amadayimoni, ariko twamubujije kuko atari muri twebwe.”

Yesu ati: “Ntimumubuze! Kuko ata muntu akora igitangaza mw’izina ryanje azoshobora munyuma kumvuga nabi.”

Namye Nkunda kwihweza abana banje bakiri bato cane, barakunda kuregana, bagashaka kumbwira ivyo umwe muribo yakoze nabi. Buri musu, hama hari umwe muri bo aza kurega mugenzi wiwe! Ndashobora kwiyumvira uko vyari bimeze ku bigishwa ba Yesu igihe baza kurega uwo muntu bari babonye akora ivyo nabo bariko barakora, ariko atari muri bo. Ariko aho kumugaya, Yesu yaramushimye!

Uwo muntu ntiyarinze kurindira ibintu vyinshi—yaciye atangura kwirukana amadayimoni mw’izina rya Yesu! Ntituzi uwo bavuga canke ngo tumenye n’izina ryiwe, ariko yari umugabo w’ukuri, umusirikare w’intwari! Yakurikiraniye hagufi ivyo Yesu yakora, hama abonye akaryo, yaciye atangura gukora nk’ivyo Yesu ubwiwe yariko arakora!

Uyu mwaka w’amavuta atangaje, ntihagire vyinshi wirigwa urarindira—SIMBIRAMWO UKORE! Ibimenyetso vy’ikanguro ni binini, Imana Ihabwe Icobahiro!

UKWATURA K’UBUVUGISHWA

Uyu mwaka, ndasimbira mu bikorwa Imana iriko irakora kandi nezerewe cane. Ndi uwo muntu umwe, uwo musirikare azokora ibikorwa bikomeye mw’izina rya Yesu. Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Ab’ikorinto 12:3



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 5**
Itanguriro 10-12; Matayo 4



ISENGESHO RY'ABANDI

Zekariya 4:6

Aranyishura, ati Ngiri ijambo Uhoraho atumye kuri Zerubabeli, ati Si kubw' inkomezi, si kubw' ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanjye, ni k'Uhoraho Nyen' ingabo agize.

Ni ibintu bibabaje kubona bamwe mu bakristo biyumvira ko ubuzima ari ugufyina. Ibintu vy'impwemu ntibavyitwararika, ntibavyitayeho. Basenga iminota itatu gusa ku musi, aho ni mugihe bibutse gusenga, canke ntibasenge na rimwe. Iyo habonetse nk'umusi bibutse gusenga naho, hama ngo bafate akanya ngo basenge, ibibahungabanya n'ibibasamaza biba vyinshi. Ariko ikintu batibagira na rimwe ni guhora basaba abandi ngo babasengere.

Umenye neza ko ibintu vy'ukuri bizotangura guhinduka mu buzima bwawe niwamenya ko isengesho ryawe bwite rifise inguvu zikomeye. Umurongo w'uno musi abantu bawuvuga kenshi n'icizigiro, bavuga ko Imana izobakiza. Ariko, izobikora gute niba utaja imbere yayo mu gusenga? Mpwemu wayo yohagarara gute kukwereka ko ari Umunyenkomezi, igihe amasengesho yawe yose uyizeza abandi ngo bagusengere?

Hagarika guha abandi ubuzima bwawe bwo mu mpwemu nk'akazi. Fata ibintu mu maboko yawe bwite, kandi utangure kwisengera wewe nyene ubwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uyu musi ndafashe mumaboko iverekeye ubuzima bwanjye bwo gusenga. Uko nsenga ngendera mu ntsinzi, no kunesha, ntahungabana, kandi ninjira mu bwiza buzokwama bwiyongera, m'lizina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 5:14



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 6**

Itanguriro 13-15; Matayo 5:1-26

HITAMWO KWUMVIRA

Abafilipi 2:8

Kandiabonetse afise ishushi nkiy'umuntu, yicisha bugufi, araganduka no gushitsa ku rupfu, kand'urupfu rwo ku musaraba

Mw'itongo rya Getsemani, ku munota wa nyuma mbere y'uko Yesu afatwa ngo abambwe, yarasenze cane asengana umubabaro ati: "Data, ni waba ubishaka, unkureko iki gikombe kindengane; yamara ntibibe nkuko nshaka, ahubwo uko ushaka." (Luka 22:42)

Urabibona? Umwami Yesu ntiyashaka kubikora—yarabizi ko vyari ibintu bigoye. Ariko yarabikoze. Kwumvira si ibintu vy'uko wiyumva canke ivyo ukunda; ni ibintu vy'ukuntu Imana ibona ibikwiriye kuri wewe.

Umurongo w'uno musu uratwigisha y'uko Yesu yatewe iteka agashigwa hejuru kuko yumviye gushika no gupfa. N'iyi vyari bigoye cane, ntiyigeze ahinduka; yagumye mu kwumvira.

Benedata, igitangaza ushaka kiri muruhande rwo kwumvira. Hitamwo kwumvira Imana.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndavugishwa ko ubuzima bwanje buzogenda mu nzira yo kwumvira Imana. Ndicisha bugufi kandi ndareka Mpwemu w'Imana akandongora muri vyose, mw' Izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 5:19



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 7**
Itanguriro 16-17; Matayo 5: 27-48

UMUGAMBI MUKURU W'IMANA

Yeremiya 29:11

Kuko nzi ivyiyumviro mbiyumvirako, ni jewe uhoraho mbivuze, kw'ari ivyiyumviro vy'amahoro, Atari ivy'ivyago, kugira ngo mabhe ivyizigirp vyo mwiheremo ryanyu

Ibice 45 vya mbere mu gitabu ca Yeremiya vyibanda ku rubanza rwari rwimirije ku Buyuda kubera ukwanka kwizera no kutumvira Imana. Ivyo ni vyo bituma Yeremiya yitwa Umuvugishwa w'amarira, kuko yahora avugishwa kubukozi bw'ikibi bwo muri ico gihe.

Ariko hagati y'ivyo vyago vyose, Imana iravuga ijamba ryiza cane:

"Nzi neza imigambi mfise kuri wewe – imigambi myiza, atari iyo kukugirira nabi!"

Uyu murongo uca hagati y'ubugizi bwa nabi n'akajagari, utanga icizigiro c'Imana. No mu gihe isi yuzuye umwiza, Imana iratsa umuco wayo ugakayangana. Ibi ni vyo vyerekana ubuntu n'urukundo Imana igufitiye. Mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje genda rero uzi neza ko Imana itazokwandikira ivyaha vyawe nk'ingingo y'urubanza, ahubwo iguma yibuka ko umugambi wayo ku buzima bwawe ari mwiza cane kurusha ivyo wiyumvira.

Korera kuri iryo Jambo utitayeho uko ibintu bimeze uyu musu mubuzima bwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nta kibi na kimwe gishika ku buzima bwanje uyu musu. Imigambi y'Imana kuri jewe ni myiza cane. Ni iy'ukwuzura no gukwira, kandi mpagaze nemye kuruko gutunganywa kw'Imigambi y'Imana, mw' Izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO

Abafilipi 1:6



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –

UMUSI WA 8

Itanguriro 18-19; Matayo 6:1-15

KUWA GATANU,
IGENEKEREZO RYA 9 NZERO

GoodNews
DAILY

UBAKA UWUNDI MUNTU

1 Ab' I tesalonika 5:11

Nuko muhanurane, mujomezanye, nk'uko mubikora nyene

Hari abantu bafata ishengero nk'ahantu ho kuronderera gusa ivyo bakeneye. Bibwira ko ari ihuriro ry'abantu "networking center" rizobahuza n'ivyo bipfuzwa kugira ubuzima bwabo burushirize gutera imbere. Hari n'ababa barimwo gusa kugira bafashwe, ariko bo ntibiyumvira gufasha abandi.

Utegerezwa kwiyumvira uti: Iyaba abakirisu bose bohaguruka bakubahiriza uyu murongo nk'itegeko, bagashira imbere kwubaka abandi kurusha kwama bakeneye gufashwa, umubiri wa Kristo wokomera cane! Nimba warigeze kwiyumva nk'uwahebwe, uwatawe, canke ata muntu akwitayeho — menya ko n'abandi bashobora kuba bariko biyumva uko nyene. Ufise uruhara rwo gufata amaboko abandi bari mu buzima nk'ubwo. Barondere ubatere intege, ububake, ubaryohereze ubuzima.

Ntiwibereho gusa kubw' inyungu zawe bwite. Mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje ba uwitaho n'ivyabandi. Ubaka umuntu kanaka uyu musu ukoresheje ubutumwa bw'ihumure, wandike aka message, umutelefone canke umugendere I muhira umurabe. Ibi ni vyo bita ubukirisu ngirakamaro, ubukirisu bushizwe mu giro.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uyu musu ndahaguruka nk'inkingi y'inkomezi no gukomeza abandi. Kubera ubuntu bw'Imana bukorera muri jewe, umuntu wese duhura uyu musu arahimbarwa, akomezwe, kandi aronke inguvu nshasha, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburayo 3:13



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 9
Luka 1:21-38' Zaburi 4-6

KUWA GATANDATU,
ITARIKI 10 NZERO



WOSHOBORA KWIZERWA?

Luka 16:10

Ukora ivyo yizigiweko ku coroshe cane, agira atyo no kugikomeye; uwugabitanya ku coroshe cane, agabitanya no kugikomeye.

Ndibuka ibihe vyo mu ntango z'iki gikogwa c'Imana. Nari umuvugishwa n'Imana akiri muto, nzi igikogwa Imana yampaye muri iki gihe, nk'Umuwugishwa w'amahanga, nari nshaka kwihutisha ubutumwa kugira bushike mu bihugu ningoga. Vyarihutigwa cane kandi nategerezwa gukorana umuvuduko wihuta. Ariko murivyo nyene Imana yabanje kunyigisha icigwa kimwe kukindi, amahugurwa, n'inyigisho ngororokanabumenyi muri "kaminuza" yayo. Sinigeze Nsimba ishure na rimwe. Nari uwo muvugishwa nyene w'amahanga kandi nkaba mfise ishengeru ry' abakristo 7 umwaka wose nk'uko nuzuzama stade uyu muni.

Umurongo w'uno musi utwigisha ukwizerwa muri bitoya. Iyumvire uko biba vyifashe uno musi: iyo nja guheba umurimo wanjye bivuye mugushavura kubera ko narimfise abakirisu bake, mbe wibaza ko mba ngeze aha ngeze ubu? Aho uri hose mu buzima, ba umwizigirwa muri bitoya. Ereka ko ushobora kwizerwa mu bintu bitoya, hanyuma Imana izokuzamura muri uyu mwaka w'amavuta atangajwe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndatura impwemu y'ukwizera no kwizerwa muri jewe. Igikorwa cose nkora, n'aho coba gito, kizokorwa mu mpwemu y'akanovera(excellence) mw' Izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Abakorinto 4:2



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 10**
Itanguriro 20-22; Matayo 6:16-34

KUW'IMANA, IGENEKEREZO
RYA 11 NZERO



ABICANYI BICARANYE MU RUSENGERO!

1 Yohana 3:15

Uwanka mwene Data wundi ni umwicanyi: kandi murazi yuko ata mwicanyi yogira ubugingo budashira ngo bugume muri we.

Sinzi incuro uko zingana nahuye n'abantu bankana urunuka kandi bicaye mu rusengero rumwe, bakumva ijambo rimwe, bakaririmba indirimbo zimwe, ariko bagataha badahindutse. Hari bamwe usanga bava mu muryango umwe nyene, bakagendana, bakamara indwi yose barwana canke baterana amajambo y' urwanko ariko bagashogomanga kumusi w'Imana bose baja mu rusengero bambaye neza impuzu zo kuwa mungu.

Nimba dukurikiza uyu murongo uko vyanditswe, ikibazo gikomeye kiravuka: ni abicanyi bangahe bari mu rusengero uyu muni? Abantu barimwo ishari, igono, inzigo y'imyaka icumi, canke irenga, ariko bakavuga ko Yesu ari mu mitima yabo.

Yesu yaduhaye itegeko rimwe rudende: nimukundane. Ntibitangaje impavu Yesu afata urwanko nk'ikintu gikomeye kuko ni igihushane c'ibwirizwa yatanze.

Uyu ni umwaka mushasha. Tangura gukunda, kandi utangure ubu!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndavugishwaubuzima bushasha bwuzuye urukundo. Sinzokwigera ngendana urwanko umusi n'umwe muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, mw' Izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yohana 13:34



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 11
Itanguriro 23-24; Matayo 7

KUWA MBERE, IGENEKEREZO
RYA 12 NZERO

GoodNews
DAILY

NTUTAKAZE UKWIZERA

Mariko 1:11-13

Ijwi riva mw ijuru, riti Ni wewe Mwana wanje nkunda ukampimbara. Mpwemu aca amushorera mu bugaragwa. Amaray' imisi mirongwine, ageragezwa na Satani; kandi yaba hamwe n'ibikoko, abamarayika bakamukorera.

Raba ukuntu ako kanya inyuma y'uko Yesu yemejwe nk'Umwana akundwa n'Imana, haciye haboneka ibigeragezo. Ibi birerekana ukuntu ubuzima rukristo bumeze. Woba umaze kubona ukuntu rimwe na rimwe inyuma y'uko ikintu ciza kikubayeko, hakunda guca hakurikira ikintu kitameze neza? Ivyo ni uburyo umwansi akora. Aba yipfuza ko utakazaukwizera kwawe mu Mana.

Iyo Imana ikwemeje nk'umudandaza, umupasitori, umugore canke umugabo, umunyepolitike, itege kugwanywa n'abagenzi bawe canke umuryango wawe bwite. Yesu yarageragejwe nk'uko nawe ugeregezwa; yahuye n'ibikoko mu bugaragwa nk'uko nawe uhura n'ibibazo vy'ubuzima, ARIKO YARANESHEJE!

Ntutakaze ukwizera kuko waramaze kunesha!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzotakaza ukwizera, uko ibinrwanza vyoba bimeze kwose. Naranesheje ibikoko vyose vyo mubugaragwa bw'impwemu; ndi intwari muri Kristo. Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Ab'ikorinto 10:13; Yohana
16:33



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 12**
Itanguriro 25-26; Matayo 8:1-17

KUWA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 13
NZERO

GoodNews
DAILY

IZERE UMWUBATSI W'UBUZIMA

Imigani 3:5

Wizigize Uhoraho umutima wawe wose, kandi ntiwishimikize ubwenge bw'iwawe

Kimwe mu bice nkunda mu vyanditswe vyerekeye ukwizera hamwe n'ukwizigira Imana ni ivya Abrahamu, Sokuruza w'abizera. Mu gitabu c'abaheburayo 11:8, havuga ngo: "Ukwizera nikwo kwatumye Aburahamu yumvira Imana imuhamagaye, akaja ahantu yar'abikiwe kuragwa: nuko agenda, atazi iy'aja."

Iyumvire gato: Imana ikubwira gusiga ivyuzi vyose, ngo utangure kugenda utazi iyo uriko uraja, ata mugambi numwe uzi wiyo ugiye, utazi inzira ufata niyo ureka, utagira amafanga mumufuko yo kwifashisha mururwo rugendo—ata kintu na kimwe! Aha bisigura kwizera Imana utitayeho amashure ufise, abantu muzinanye, canke utaravye ubwenge bwawe bwite. Uyu murongo w'uyu musu, nico usobanura. Ntuzw wigere uvuga uti "narabimenye vyose." Imana ifise igishushanyo nyamukuru c'ubuzima bwawe—Yizere kuko ivyubuzima bwawe yarahejeje kubitegura, wewe ni kubitambukiramwo gusa.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uhereye uno musu, nijeje imigambi, ivyifuzo, n'ivyo nkeneye vyose Imana. Nzokurikira iyerekwa ryayo muri vyerekeye ubuzima bwanje vyose kandi gutyo kuneshwa kuzoturirwa n'umuriro mw' Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 37:3-5



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 13**
Itanguriro 27-28; Matayo 8:18-34

KUWA GATATU,
IGENEKEREZO RYA 14
NZERO



Abaheburayo 8:5

Kand' abo bakorera igishushanyo n'igitutu c'ivyo mw'ijuru, nk'uko Mose yabwiwe n'Imana, agira akoreshe rya hema, it' Ugire umwete wo gukoresha vyose, ubigereranye n'ikigereranyo werekewe kuri wa musozi.

Usuzumye muri Bibiliya, urabona ingene Bibiliya yerekana urutonde gw'ingene ibintu vyagiye bikogwa kuva mw'isezerano rya kera gushika mw'isezerano Rishasha. Abagabo n'abagore bakomeye mu kwizera bakurikije urutonde rwogukora ibintu, hanyuma bakaronka ivyo bashaka. Nk'uko mu baheburayo 11:32-33, bavuze bati "barahagaritse iminwa y'intambwe" biciye ku kwizera kudahagarikwa.

Ivyanditswe vy'uno musu birerekana ko Imana ikora mu buryo bw'urutonde. Ifise urukurikirane rw'ingene ishaka ko ibintu bikorwa. Nimba ukwizera kwavyaye umusaruro mu bihe vya Bibiliya, bisigura ko no murino misi yacu uyu musu ariko bimeze. Ukwizera ni urutonde, urukurikirane rw'ibikogwa ruzana kwishurwa. Iyo ukurikije urutonde rw'ukwizera rwakurikijwe n'abizeye Imana bomuri kahise mw' Ijambo, ibintu biratangura kuba ivyoroshe kuri wewe.

Kurikiza urwo rutonde rw'ukwizera; tangura gutegura umusi wawe neza ubu nyene. Bona ibiza kuwubamwo, uvyizere kandi ubikoreko. Uwo niwo murongo w'ingene bikogwa.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndegura ivy'isi yanje n'ibinyerekeye kugira bizane ubwiza ntigeze mbona mu mateka yanje. Kubera kwizera, sinkena, singwara, kandi ubutunzi hamwe n'ugutera imbere nivy vyanje mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje mw' Izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 15:4



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 14**
Itanguriro 29-30; Matayo 9:1-17

KUWA KANE,
IGENEREKEZO RYA 15
NZERO

GoodNews
DAILY

UBUPFUMU HAMWE N'IMIVUMO

Umusiguzi 10:8

Uwimba icobo azogikorokeramwo, kandi uw'umena urugo inzoka izomukomora.

Haheze imyaka myinshi abantu bambaza nimba ibikogwa vy'abapfumu, abarozi hamwe n'imivumo bishobora gushikira umukristo. Inyishu yanje ntirahinduka n'iyi: igihe uvutse ubwa Kabiri ugakizwa, uca uragwa imigisha, nturagwa imivumo. Igihe umukristo yavutse ubwakabiri akaguma ashikigwa n'imivumo; ico ni ikosa, n'ibintu bitatategerezwa kuba, haba hariho ikitagenda neza mugihe bishitse. Igihe ugumye mw'Jambo ry'Imana hamwe n'imikorere y'Imana, ubwo nyene uhinduka kuba uwukingiwe kubitero n'ibikogwa vy'umugwanizi.

Ariko none, kuki hari abakristo bariko barajugunywa mu mivumo? Umurongo w'uno musi uratanga urufunguzo kurico kibazo: kuba hanze y'Ijambo vyugururira imiryango inzoka zigaca zinjira. Bisigura ko baba baramenye uruzitiro gwabakingira bagaha uruhusha inzoka kwinjira mubuzima bwabo, kuko Imigani 26:2 ivuga ngo: "umuvumo utagira ico uvuyeko ntuzokwigera ugushikira." Bisigura ko nimba umuvumo waragushikiriye hariho impamvu yatumye uwo muvumo ugushikako.

Guma mw' Jambo ry'Imana muri uno mwaka. Amavuta atangajeasesekara neza iyo uruzitiro rumeze neza.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubupfumu canke umuvumo wose vyavuzwe ku muryango wanjye ku kuri jewe biravunye mw' Izina rya Yesu! Mpisemwo guhora ndi mw' Jambo ry'Imana guhera uno musi. Umuzi wanjye ni mushasha! Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Imigani 22:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 15**
Itanguriro 31-32; Matayo 9:18-38

KUWA GATANU,
IGENEKEREZO RYA 16
NZERO

GoodNews
DAILY

IKIBANZA CO GUHINGURWA

Matayo 3:12

Urutaro rwiwe ruri mu kuboko kwiwe, kand' azokubura imbuga yiwe neza, yimbure ingano mu kigega maz'umuguruka awuturirire mu muriro utazima.

Winjiye aho bakorera imikate, biragoye kwirengagiza akamoto k'imikate mishasha n'imikate yose iba yateguwe. Ariko imbere yuko ivyo vyiza bigaragara bishika hari igikorwa nyamukuru gitegerezwa gukorwa: Guhingura, gutandukanya ingano n'umuguruka kugira haboneka ifu nziza yokoreshwa.

Umurongo w'uno muni utwereka ikibanza co guhingura co muburyo bw'impwemu.

Mw'isi y'impwemu, aha niho kwezwa kubera. Niho habera ukabarwa gukuraho ibidakenewe, imigenderanire itariyo, gukurwaho kw'ingeso mbi zoma kubantu, kwamburwa ivyiyumviro bipfuye nabi. Mu kibanza co guhingurwa, ni wewe gusa n'Imana, nihinduka ry'ibihe, n'ukwishikana cane kuvy'Ubwami.

Iki n'igihe cawe co guhindurwa, ni wahagarara mu kibanza c'Imana co guhingurwa, amavuta atangaje yogukora ibitangahe azoba kuri wewe!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mur'iki kibanza co guhingurwa, ndemereye Mpwemu w'Imana ankuremwo ikintu cose kinyuranye n'Ijambo. Ndategetse igitutu cose c'umwiza kimveko ubu nyene mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Tito 2:14



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 16
Luka 1:39-56; Zaburi 7-9

KUWA GATANDATU,
IGENEKEREZO RYA 17
NZERO

GoodNews
DAILY

BISEMERERE

Mariko 10 :48

Abantu benshi baramuzibiranya ngw ahore :arikw arushiriza cane gutakamba, ati Mwana wa Dawidi, ngirira imbabazi.

Nama mvuga, “Aba Kristo bahoze bapfa bahoze.” Iyi nkuru y’iyi mpumyi iravyerekana neza. Abanyeshengero bamubwiye ahore, ariko we yarushirije gutakamba cane.

Uno muni, dufise aba Kristo babanyanteye nke bashobora guhagarika kuja mumakoraniro kubera hari umuntu yabaravye nabi. Abantu benshi barashaka igitungaza cabo, ariko nibake biteguye kukironderana ishaka kuko batinye ivyo abandi bokwiyumvira. Ntibashobora no gusemerera “Amen” kuko bibaza ko bohava barabwa cane.

Iyi mpumyi yoyo ntaco vyari biyibwiye ivy’abandi banyeshengero biyumvira, yarashize umutima wiwe kuri Yesu gusa. Yabona igitungaza ciwe muri Yesu, kubwo gusemerera kwiwe ashize amanga, yarabohowe!

Hagire umuntu asemerera mu kwinjira mu mavuta adasanzwe uno musi!

UKWATURA K’UBUVUGISHWA

Ndasemerera ngana ku gukura mu buryo bw’Impwemu, ku gukira, ku butunzi bufise amagara meza, kurugo rwiza, kw’iterambere rirama ritamenyerewe! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yosuwa 6:20



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 17**
Itanguriro 33-35; Matayo 10 :1-16

KUWA MUNGU,
IGENEKEREZO RYA 18
NZERO



SHIMA

Luka 17 :17-18

Yesu arababaza, ati ntibahumanutse bose ukw ar'icumi? Ntabandi babonetse ngo bagaruke guhimbaza Imana, atar'uyu munyamahanga?

Igihe cose dukoranye, ari mugikorane canke ku muni w'Imana, twama twiteganye igishika intahe ya mbere. Iyo ntahe ya mbere niyo yugurura umuryango abandi nabo bagakurikira. Vyogutangaza ingene hari abantu benshi bashaka ubufasha bw'Imana, muga bake muribo nibo bagaruka gushinga intahe. Hariho abaronka ibitangaza bikomeye bifatanye no kurema, abo bantu bakanyika ntibagaruke guha Imana icubahiro, ntidusubire kubabona. Ibi birababaje. Raba muruwo murongo ingene vyababaje Yesu?

Bavukanyi, kuba intashima n'ikimenyetso yuko wamaze kwishira hejuru y'Imana. Nukwishira hejuru gukomeye. Gushima n'ikimenyetso c'uguca bugufi, binesha kwishira hejuru. Uno muni, bigire intumbero gushingira intahe ico cose Imana iri kuri wewe. Kandi ushimire n'abantu bagufashije kuba uwuriwe uno musi.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndahagarara kudasonga tw'imisozi nshinga intahe kandi nsemerera amashimwe yanje ku Mana kubw'ubuzima bwanje. Kudashima s'ivyanje muruno mwaka w'amavuta atangaje; Ndavyegeye kure mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 145:7



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 18**
Itanguriro 36-38; Matayo 10:17-42

KUWA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 19
NZERO



Matayo 6:34

Ntimukiganyire ivy'ejo, kuk' umusi w'ejo uzoba wiganyira ivyawo; umusi ukwiranye n'amagorwa yawo.

Aba Kristo bamwe bita ukwiganyira ayandi mazina kugira ntibigaragare nko kwiganyira, bakavuga ngo, "Sindiko ndiganyira, numva ndemerewe gusa" Rero, ntaco bitwaye uko wovyita, biracari kwiganyira. Muri (Luka 10:41), Umwami Yesu aramwishura, ati, "Marita, marita, uriganyira wigora muri vyinshi..." Mbega ntumeze nka Marita? Watanguye umwaka uwunzezerewe, gushika aho ukwiganyira kwaje, kuvy'amahera y'ishure, kuriha inzu, vyinshi utegerezwa kuriha, imigenderanire, n'ibindi vyinshi. Mbega ukwiganyira kwofasha iki?

Ukwiganyira kuva kuguhanga amaso isoko ritariywo. Nimba Imana, Data, inezereza nukugaburira inyoni, n'ukwambika amashurwe, mbega ntufise agaciro kanini cane kuriyo?

Kuva uno musu, hitamwo kudasubira kwiganyira n'umusi n'umwe mu buzima bwawe. Hanga amaso Imana, isoko ryawe ridakama. Uwu n'umwaka mushasha uzananye n'amavuta adasanze; bizokubera vyiza mugihe uhagaritse kwiganyira gusa. Rekura hama ubirekere Imana!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Sinzotakaza umwanya wanjye mukwiganyira ku kintu na kimwe, ar'ubu canke ikindi gihe cose, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yesaya 41:10



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 19**
Itanguriro 39-40; Matayo 11

KUWA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 20
NZERO



MWIRUKANE MU MUTWE Wawe

Yesaya 43 :18

Ati mwoye kwibuka ivya mbere, kandi ntimwiyumvire ku vya kera.

Kimwe mubikoresho satani akunda gukoresha nugushira ivyiyumviro mu mutwe wawe. Azokubwira ingene uri mubi cane, ingene ataco uzovamwo, ac'abisubiramwo incuro nyinshi gushika wemeye ibinyoma vyose vyawe.

Igihe yabwira Eva kwazoca amera nk' Imana niyarya ku camwa, ico nticari icyumviro ca Eva, cavuye kuri satani ubwiwe! Wibuke ko yigeze kuvuga ngo, «Nzokwigira nk' Isumba vyose » ? Yarikw abiba ico ciyumviro nyene muri Eva!

Wirinde satani n' ubugunge bwiwe. Azoguteramwo ivyiyumviro vyo kwipfuzwa, kwiyahura, n'ubusambo, utaravye neza, uzobikorera. Ubikoreyeke, azokora ibishoboka abikugumizemwo. Ntumwemerere kubaho yorohewe mu vyiyumviro vyawe, mwirukane mu mutwe wawe!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndirukanye icyumviro kibi cose ikitava ku Mana cose kiri mu mutwe wanje. Umugambi wose wisenyuka ryanje urahagaritswe utaratangura, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Ab'ikorinto 10:5



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 20
Itanguriro 41-42; Matayo 12 :1-21

KUWA GATATU,
IGENEKEREZO RYA 21
NZERO

GoodNews
DAILY

ICIGWA TWIGIRA KU MBORERWA

Ivyakozwe n'Intumwa 2 :4

Bose buzuzwa Mpwemu Yera, batangura kuvuga izindi ndimi, uko Mpwemu abahaye kuzivuga.

Woba umaze kubona ukuntu imborerwa yigenza ? Ashobora kubona iyarara rirunze ahantu akaryibiramwo yibaza ngo n'igitanda, canke agakwega umuntu yicaye mw'ikinga ry'ibimuga yiteze kwaza gutambuka. Nubwo tudashigikiye ukuborerwa, hariho icigwa dushobora kwiga mur ibi.

(Abanyefeso 5 :18) havuga ngo,...«kandi ntimukaborerwe vino, irimw'ubuhumbi, ariko mwuzure Mpwemu Yera.» Hariho impamvu ivyanditswe vyerekana ubu busano.

Imborerwa ntibona nkukw'abandi babona. Ivy'akora siwe, n'umwambiro ubimukoresha. Nuko bimeze iyo wuzuye Mpwemu Yera, niwe agukoresha. Uramwishikanira akuganze, agatangura kukurongora. Ugatangura kubona ibintu ugutandukanye, ukavugana ubushobozi, ugatangaza ibitangaza bitegerezwa kugaragara. Hitamwo k'umusi wawe wose uyu mwaka uzoba wuzuye Mpwemu Yera.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

NK'uwuzuye Mpwemu, ndavye muri 2026 hanje mbona ukworoherwa n'intahe zisesekaye mw'izina rya Yesu Kristo! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abanyefeso 3:19



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 21**
Itanguriro 43-45; Matayo 12 :22-50

KUWA KANE,
IGENEKEREZO RYA 22
NZERO



WUBAHE ABAVYEYI BAWE

Abanyefeso 6 :1-2

Bane, mwubahe abavyeyi banyu mu Mwami, Ibi birabereye. Wubahe So na Nyoko ; Niryo tegeko rya mbere rifise isezerano.

Ijambo ry'Imana rirabitomora neza iyo ritanze itegeko kuvyerekeye imigenderanire hagati y'abana n'abavyeyi. Nashaka mubone neza ingene umurongo wa 1 nuwa 2 ivuga kubwoko bubiri bwabavyeyi butandukanye. Iyi mirongo ntirikw irisubiramwo; ariko, har icigwa duhabwa ngaha. Umurongo wa mbere uvuga ku kwubaha abavyeyi b' Impwemu ab' Imana yaguhaye ngo bagukurire, umurongo wa kabiri nawo ukavuga ku bavyeyi b'umubiri.

Igihe cose utubashe abavyeyi bawe, uko ari bose b'impwemu canke b'umubiri, bizana ingaruka mbi mu buzima bwawe.

Ushobora gutera imbere, mugabo bikaba ivy'akanya gato, uguma mu muzingi wo kuduga no ku manuka, guhomba, no kudatuzza.

Kwubaha abavyeyi n'itegeko riva ku Mana rishiraho ubuzima buryoshe. Ububahe guhera uno musi!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Kuva uno musi, nzoshiramwo izindi nguvu mu kumvira no mukubaha abavyeyi banje b'impwemu nab'umubiri. Uko barushiriza ku mpezagira no ku nkingira, ubuzima bwanje buri munzira yo, ndanesha muri vyose.



KUNONOSORA INYIGISHO
Imigani 6:20



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 22**
Itanguriro 46-48; Matayo 13 :1-30

UBUZIMA BUTANGAJE MURI JEWE

Yohana 21:25

Ariko hariho n'ibindi vyinshi Yesu yakoze, vyokwandikwa bidondoye kimwe-kimwe, ngira ngo n'isi nayo ntiyokwiramw'ibitabo vyokwanditswe.

Ubuzima bwa Yesu bwar'ubuzima butangaje cane bugaragaramwo ibitangaza bidasanze n'ibikorwa bikomeye bitari vyigere bibonwa. Iyumvire kubona umuntu agaburira abantu ibihumbi bitanu akoresheje ifi zibiri gusa n'imikate itanu, canke arema imbonero akoresheje amate n'ivu. Mbega n'ubwoko bw'amavuta maki yari kuri we? Niyo nyene ari kuri wewe ubu nyene!

Intumbero y'izi nkuru zanditswe muri bibiliya nukugira ngo zigutere gukoresha ayo mavuta atangaje ari kuri wewe.

Ntakintu na kimwe utoshobora gukora. Usumba vyose ari muri wewe, shira kugikorwa ubwo buzima butangaje uno musi!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA.

Kubw'amavuta atangaje, nzoshinga intahe cane kuburyo bizoba bigoye kuvuga ivyo bitangaza vyose. Ubuzima bwanje nibwo bwa mbere bwiza ntibwogeranwa. Icubahiro kibe ic'Imana. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yohana 20:30-31



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 -
UMUSI WA 23**
Luka 1:57-80, Zaburi 10-12

KUWA GATANDATU,
IGENEKEREZO RYA 24
NZERO



IGITUTU CANJE KIRASHOBOYE

Ivyakozwe n'Intumwa 5 :15

Bituma banaterurira abarwaye ku nzira, babashira ku nderuzo no ku birago, kugira ngo Petero ni yahaca, naho coba igitutu ciwe gishike kuri bamwe.

Ndamaze kumva abantu bavuga amajambo mub'ubujuju ngo, « Ibitangaza ntibikibaho ; vyari vyagenewe biriya bihe vyo muri bibiliya gusa. » Ibi biri kuri cane y'ukuri. (abahaburayo 13 :8) hatubwira kw'Imana ari ya yindi nyene ejo haheze, uno musu, n'ibihe vyose ! Nimba yarabikora muri bibiliya, iriko irabikora n'uno musu !

Raba umurongo w'uno musu. Ntuzokwigerira utahurika k'umuntu atazi Imana. Kwiyumvira yuko igitutu cokiza umuntu ? Nubwo tumaze kubibona kenshi mugikorwa cacu aho abantu bafise indwara z'uburyo bwose baca iruhande y'igitutu canje, hama intahe zikaza ku bwinshi. Ivyo n'ibiki ? N'amavuta, kandi uy'umwaka n'umwayo!

Uy'umwaka, n'igitutu cawe kizokora ibikomeye ! Biroroshe ; Niko wubatswe !

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ubushobozi bumvamwo. Ngitambukira mur' uno musu uyu musu, ku kuba ngaho gusa kwanje, ikintu cose kiraza kugenda neza mw'izina rya Yesu ! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 8:43-48



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 24
Itanguriro 49-50 ; Matayo 13 :31-58

KUWA MUSI W'IMANA,
IGENEKEREZO RYA 25
NZERO



GoodNews
DAILY

UBURIMBI NIBUVEHO

Luka 1 :37

Ku Mana ntakidashoboka.

Ikintu kimwe kizana ukuvangirwa mu vyiyumviro vy'aba Kristo nugukurira mw'isi aho abantu bigishwa yuko uburimbi ari ibisanzwe. Kuva mu misi ya kare y'ishure, abana batangura kubashira mu mirwi itandukanya abitwa ko barusha ubwenge abandi n'abandi bose ; kuva ngaho, bamwe baca bakura bizera ko badashoboye kandi kw'atari incabwenge. Munyuma bakaronka ubuzi ubwo nyene bakaba bashizwe mu mirwi, bagashingirwa uturimbi kuyyo bashobora gukora nivyho batoshobora.

Aba kristo bazana ib'ivyiyumviro nyene no mw'ishengero. Bazana ivyiyumviro vyamenyerejwe imbibe, bagashira nizo mbibe ku Mana. Bikababera ibigoye kwemera Imana ikora ibitangaza bihebuje. Imana nta mbibe ifise. Hindura ivyiyumviro vyawe uno musu hama umenye yuko Ishobora gukora ikintu cose.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA.

Nta kintu na kimwe kigoye ku Mana. Kimwe cose muvuyo nsaba kiraza kwishurwa mu makoraniro uno musu mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yeremiya 32:17



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 25
Kuvayo 1-3; Matayo 14:1-21

**KUWA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 26
NZERO**



BICISHE BUGUFI

Ivyahishuriwe Yohana 19:15

Mu kanwa kiwe havamw'inkota ikarishe, kugira ngw ayikubite amahanga. Azoyaragiza inkoni y'icuma. Kandi aganishiriza ibirenge mu bwato vino y'uburake bw'inkazi bw'Imana Ishobora Vyose.

Intsinzi ivugwa imbere yuko ibonwa. Akanwa kawe niyo ntoboro inkota izananamwo. Ijambo ry'ikigiriki rivuga "akanwa" ni stoma, risigura isonga ry'inkota. Akanwa kawe n'ikigwanisho; Co kuraho ibintu vyinshi. Imana yarahaye ubushobozi amajambo yawe kugira adumeko gusumba imbugita y'umuhinga muvyo kubaga.

Uriko urasenga kandi utangaza, ugurura amaso yawe y'impwemu ukoresheje ivyiyumviro vyawe vyejejwe. Bona ico kibazo gicibwamwo utunwenwe. Baga ico kivyimbi kibabaza umubiri wawe, kibwire, ugikate kiveho mw'izina rya Yesu. Ntaco bitwaye ubwinshi bw'ibikurwanya, ideni, indwara, ugucerwa, guterwa n'abadayimoni; koresha amajambo adomako y'ukwizera kugira ucishe bugufi umwansi wese! Mur'uno mwaka w'amavuta atangaje uvuge kandi ntuhore, guma ukata gushika aho ibiguhanze vyose bisenyuka.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndanse guhunga; akanwa kanje niko kigwanisho cirukana ibingwanya. Amajambo yanje, akomejwe na Mpwemu Yera, arasambura ikintu cose cubatswe na satan impande zanje. Ndavuga, ibibazo vyose bigacishwa bugufi, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburayo 4:12



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 26**
Kuvayo 4-6; Matayo 14:22-36

KUWA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 27
NZERO



UGUTAHURA HAMWE N'IBIFUNGURWA

Yesaya 7:15

Urubu n'ubuki nivyo bizomutunga, amaze kumenya ubwenge bwo kwanka ibibi agakunda ivyiza.

Warubizi kw'ibifungurwa vyawe bifasha gutahura? Yesaya yaravugishijwe ivy'ibifungurwa vya Yesu "urubu n'ubuki" vyamumenyereza mugutahura. "kugirango amenye (yada: kumenye kuko wakoze) kwanka ikibi ahitemwo iciza" Isi ivuga, "Uric' urya" Bibiliya nayo, umenya mukurya. Ivyo wama ufungura, ivyanditswe, impanuro, amakuru, ingeso, birasongora canke bikonona ubuzima bwawe bw'impwemu. No mu buryo bw'umubiri ivyo kurya bitanga inkomezi. Mu mpwemu, gufungura ijambo ry'Imana bitumbereza inyifato zawe kuburyo yuko kwanka ikibi n'uguhitamwo iciza biba ivyoroshe.

Robanura ivyo wakira. Uzuza umusi wawe "urubu n'ubuki" kubw'impwemu: Ijambo, gutazira, amajwi y'ubwenge, egeza kure ibikuzako vyonana amahitamwo yawe. Imbere yuko ufata ingingo, "Banza upime" ico gisomwa mugusoma, mukurimbura, no mukwatura Ijambo. Reka ivyo uhitamwo vyubake ingeso zawe kandi wemerere akayabagu kawe kumenyereze ugutahura kwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndafungura Ijambo, ugutahura kwanje kwamenyerejwe. Ndazi kwanka ikibi ngahitamwo iciza. Akayabagu kanje kifatanije n'ijuru; ugihitamwo kwanje kumeze neza, intambuko zanje ntizinyiganyiga, mw'izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburayo 5:14



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 27**
Kuvayo 7-8: Matayo 15:1-20

KUWA GATATU,
IGENEKEREZO RYA 28
NZERO



KWIRINDA URUSAKU

Imigani 18:8

Kwumviriza urusaku ninko kurya imbombo ziciriritse cane; woba vy'ukuri ushaka ibicafu nkivyo munda yawe?

Urusaku rumara ubushobozi! Imana ntitoranya umuntu n'umwe kubwo guhagarika urusaku, ibwira ishengeri kurukuraho. Abavuzi b'insaku bonona icizere, bagatesha intumbero, kandi bagasambura ivy'Imana iriko irubaka.

Amajambo n'ibirwanisho. Mu kanwa katariko aba agasongozo! Wanke kuba umugende ucamwo "imbombo ziciriritse" Hariho uwuguma aguha "inkuru zigezweho", uwo s'umugenzi wawe; arondera amatwi yawe.

Uku nikwo ukwiye gukingira impwemu yawe uyu mwaka w'amavuta atangaje:

Subir'Inyuma: Egera inyuma abama bakora ivyo. Kuba hafi yabo ni kubaha uruhusha.

Bikor'ukundi : "Reka tubasengere ahubwo" nimba iyo nkuru itosengerwa, ntikwiye kuvugwa.

Anka : "Sije ukwiye kuganiriza iyo nkuru." ugara umuryango m'uburwaneza muga ushititse.

Subiriza: Uzuza akanwa kawe ugusengera abandi, imirongo y'ijambo ry'Imana, n'inyishu. Wubake ivy'umwansi ashaka gusambura.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA.

Nditandukanije n'urusaku hamwe nabaruvuga. Amatwi yanjen'inzugi zugurukira ukuri, akanwa kanje karubaka, karakiza, kandi karahezagira. Mvuga ubuzima, nkahoza imishwano kandi ndarwanira ubumwe bw'inzu y'Imana, mw'izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 16:17-18



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 28**
Kuvayo 9-11; Matayo 15 :21-39

KUWA KANE,
IGENEKEREZO RYA 29
NZERO



UZUZA IBICU VYAWWE

Umusiguzi 11:3

Ibicu iyo vyuzuyumwo imvura vyisukanurira kw'isi; Kandi igiti iyo gihenuka cerekeye mu bumanuko, canke cerekeye mu buraruko, aho hantu igiti cahenukiye ni ho kiguma.

Nk'umu Kristo, woshobora guhindura ikintu cose biciye mu gusenga, ukarengana mu marembo ayariyo yose yo m'uburyo bw'impwemu biciye mugusenga, ugafata ububiko bw'abadayimoni, ukaganza amahanga biciye mu gusenga. Biciye mu majambo uvuga, ub'uriko urakora umwimenyerezo w'impwemu wokwuzaza ibicu bivanye n'icarico cose ukeneye.

Ntaco bitwaye ukungene ivy'ubutunzi vyifashe nabi; ibicu vyawe bibaye vyuzuye imvura, ntakindi vyokora atari ukugwisha iterambere kuri wewe! Uwu n'umwaka uvuga amajambo azana impinduka ku nguvu muvuyerekeye amagara yawe, mu kazi kawe, m'urugo rwawe, mu gisagara cawe canke ico kintu cose kikwerekeye. Tegeka amajambo mu kirere hama ubone ingene ibicu vyawe bivyimbishwa n'imvura. Gushika itanguye kurwa, mwene wacu, mushikanje, ntuhagarike kubivuga, ntureka kubisubiramwo, vy'ukuri uzobona umusesekara!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Amajambo yanje afise ubushobozi. Uko mvuga kandi nganza muruno mwaka w'amavuta atangaje, ibitangaza, ibimenyetso n'utwumiza biriko birisuka k'umuryango wanjye, ku gihugu canje. Impinduka yashitse k'ubwo gusenga kwanje. Hallelujah!



KUNONOSORA INYIGISHO
Yesaya 45:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 29**
Kuvayo 12-13; Matayo 16

KUWA GATANU,
IGENEKEREZO RYA 30
NZERO

GoodNews
DAILY

UBUSHOBOZI!

Luka 9:1

Akoranya bamwe icumi na babiri, abaha ubushobozi n'ububasha ku badayimoni bose no gukiza indwara.

Umu Kristo wese aramaze gusaba ubushobozi nk'isengesho igihe kimwe canke ikindi mu buzima bwiwe. Muga woba umaze kw'ibaza vy' ukuri icarico ubushobozi muri Kristo? Reka ndaguhe insiguro: Ubushobozi ni inguvu, ni inkomezi z'indani zituma haba impinduka. N'ubwoko bw'ubushobozi bwivuyara, ubushobozi buzana ivyamwa bibonwa.

Yesu yatubwiye yuko Yaduhaye ubushobozi n'ububasha ku mpwemu mbi zose n'ugushobora gukiza indwara. Icompa ukabitahura! Iyoba gusa wari ubizi kandi ubitahura yuko ubushobozi buri mu Mana buri ngaho nyene mu mpwemu yawe kugira buzane impinduka mu bikwerekeye, ntiwosubira gucinyizwa nk'uko biri.

Ubu bushobozi, bufise inguvu, buhindura ubuzima buri muri wewe ubu nyene. Nimba waravutse ubwa kabiri, n'ubwawe. Izere gusa, ubushire mu ngiro uno musi!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndabwira ikintu cose gipfuye iruhande yanje kironke ubuzima! Ikintu cose cari kidibamye, gikore ubu nyene, kubw'ubushobozi mfise mw'Izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yohana 14:12



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 30**
Luka 2:1-26; Zaburi 13-15

KUWA GATANDATU,
IGENEKEREZO RYA 31
NZERO

GoodNews
DAILY

UBWAWE UR'IKIRERE

Luka 10:5

Inzu yose muzokwinjiramwo, muzobanze muvuge muti, “Amahoro abe muri iy'inzu.”

Umwana w'Imana wese hari ikirere ajana naco. Umurongo w'uno musi uravyemeza. Imana ntiyari kukubwira gukwiragiza amahoro iyo utaba ushoboye guhindura ibirere. Ugiye ahantu ugatangaza amahoro, igihe c'amahoro kiba gitanguye kuganza muri uwo mwanya nyene. Ahari imivurungano canke ibibazo bikomeye, ukwinjira gusa kwawe mu kibanza, ituzira rirahabaneke.

Amahoro n'ukuganza ibihe bibi canke ibintu bibi biba biriko biraba. Ufashe nka nkama ubu bushobozi buhebuje, utuma haba ituzira mu mipfunda ya mbere ikomeye. Iy'abantu bakubonye, bakaba bamaze imisi bari mu bihe bigoye, ico gihe wewe, ikirere, userutse, haba umunezero ako kanya mur'ico kibanza. Akayaga k'intsinzi karangaza mu kirere, ivyizigiro bikagaruka! Ur'ikirere muruno mwaka w'amavuta atangaje. Rero koresha iryo banga ry'ubushobozi buhebuje k'urugezo rwa mbere rushoboka!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndatura amahoro mu kibanza cose mponyoramwo uno musi, uhereye mu nzu yanje. Nd'ikirere, kandi aho nja hose, nzana inkuru nziza. Hallelujah! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
2 Ab'itesalonika 3 :16



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365 –
UMUSI WA 31**
Kuvayo 14-15 ; Matayo 17

KU MUSI W'IMANA,
IGENEKEREZO RYA 1
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

UMUTANGA MU BIMENYETSO

2 Ab'ikorinto 9:8

Kandi Imana Ishobora kudasazako ubuntu bwose, kugira ngo murushirize gukora ivyiza vyose, mufise ibibahagije muri vyose

Kenshi mvuga nti, nimba utavuye mu muryango w'abatunzi, reka umuryango w'abatunzi uzove muri wewe, ariko ikibazo ni iki, gute? Mu vyanditswe vyose, ikivuye urugero rw'umuhezagiro rudasanzwe ruva ku Mana yacu Idasanzwe ni ugutanga! Naho bishobora gusa n'ibisanzwe, ugutanga kwawe kuratuma Imana isuka imihezagiro myinshi ku buzima bwawe, kuko ntushobora guha Imana kurusha uko Imana Iguha!

Ikosa abakristo benshi bakora ni uko gutanga babisubiriza no gusenga, ukwisonzeshya n'ukumara umwanya mw'ijambo. Ibuka ko uriko ukorana n'umwami w'abami, kandi ni amategeko y'ubwami ko n'abami bo kw'isi bakora uko bashoboye kwose kugira ngo batange vyanze kuruwo wese yabahaye ingabirano!

Wizeze Imana amahera yawe mu gutanga uyu mwaka w'amavuta atangaje, maze urabe Imana iguhezagira birenze ivyo wiyumvira!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuva uno musi, nzotanga bikaze! Sinzokwigera nsigana ku bijanye no gutanga. Ubuzima bwanje rero buzobandanya gutera imbere mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 8:32



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 32**
Kuvayo 16-18; Matayo 18:1-20

KU WA MBERE
IGENEKEREZO RYA 2
RUHUHUMA



IKANGURO RY'UMUNTU

Iyakozwe n'intumwa 5:14

Barushiriza kwongerwako abizeye Umwami Yesu, ishengero ryinshi ry'abagabo n'abagore

Ikanguro ni iry'umuntu ku giti ciwe. Kirimwo gucana umuriro wawe wo mu mutima kubwa Yesu. Ntushobora kugira ikanguro ngo ubandanye kumera uko uri. Urukundo ufitiye Imana ruzoduga cane igihe uzoba ugize ikanguro; impwemu yawe yozohimikwako, ubuzima bwawe bwo kwiga Ijambo buzoduga, ubuzima bwawe bwo gusenga buzogira ubuzima, kandi ntuzorekera ukwisonzesha ku barongozi b'ishengero gusa.

Ikanguro risaba inzara idahagarara y'ivy'Imana. Umuntu ari mw'ikanguro kandi yiteguriye gukoreshwa n' Umwami yirinda kwivanga kubw' igikorwa c'ikanguro. Nka kumwe kwaba bahungu batatu b'aba heburayo banka gupfukamira igishushanyo c'Umwami Nebukadineza. Baterewe mw'itanure ry'umuriro, yamara Imana yarabakingiye, barasohoka ata co babaye. Iyo uhagaze ku bw'Imana, nayo iraguhagararira. Ibi rero bigire ngendegwako muruyu mwaka nyene w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nahamagawe n'Imana, ndi umukozi, rero sinkeneye kugira isoni. Nzomenyesha Ijambo ry'Imana ntanyiganyiga aho nzoja hose, nta bwoba, kuko ubudahemuka bwanje buri ku Mwami w'Abami! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Iyakozwe n'intumwa 19:18



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 33**
Kuvayo 19-21; Matayo 18:21-35

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 3
RUHUHUMA



MUBUGARAGWA

Matayo 4:1

Buno yesu, aduganwa na mpwemu mubugaragwa ngo ageragezwe n'umurwanizi

Isezerano Rishasha rihishura ubugombe bwa se ku bijanye n'ubuzima bwacu. Yesu ni we karorero gatunganye, gakayangana ko kugendera mu bugombe bw'Imana, yamara yajanywe mu bugaragwa kugira ngo ageragezwe na satani.

Ushobora kuba uri mu bugombe bw'Imana kandi ukaba ugihanganye n'ibintu vyo mu bugaragwa. Yesu, Imana mu mubiri, yategerezwa kugeragezwa kugira wewe nanje tumenye ko kugenda kw'isi bizanana n'ibihe vy'ibigeragezo bigusunikira mu bugaragwa. Ubugaragwa ni ahantu h'umwuma, ubushuhe bukaze, n'ukwigungira ukwawe, ariko ntukigere wiyumvira ko uri hanze y'ubugombe bwiwe kubera gusa ibintu bikomeye.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, ivyo senyura abandi ntibizogusenya kuko uguma mu bugombe bw'Imana ku buzima bwawe, mw'izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzotahana intsinzi uko bigenda kwose naho nzoca mu bugaragwa. Sinzohona kuko ndazi ko ndi mu bugombe bw'Imana! Aleluya!



KUNONORA INYIGISHO
Luka 4:15.



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 34**
Kuvayo 22-24; Matayo 19



NTUKIBAGIRE IVYO KWISONZESHA

Matayo 4:2

Amaze kwisonzesha imisi mirongo ine n'amajoro mirongo ine, arasonza.

Abantu b'amasengesho menshi n'ingeso nziza nyinshi ni abantu b'amajambo make. Abakunda kuvuga cane bipfuza kubonwa canke kwumvwa kandi kenshi na kenshi baba babuze amasengesho. Iyo ljambo ry'ubuvugishwa rimenyeshajwe ku buzima bwawe, ariko ukugaragara kwaryo bisa n'ibicerewe, ikirwanisho kimwe co mu mpwemu wokoresha ni ukwisonzesha.

Kwisonzesha birafasha gutuma ljambo ryawe ry'ubuhanuzi rigira ico rihinduye. Tahura ko ukwisonzesha kudahindura Imana, iguma ari yayindi imbere, mu gihe, n'inyuma y'ukwisonzesha kwawe. Ariko rero, kwisonzesha biramenagura umubiri, bikaguhindura. Nimba wipfuza ihinduka ry'ukuri ry'imbere, fata ukwisonzesha nk'ikintu gihambaye.

Uko wisonzesha kandi usenga muri uku kwezi n'uyu mwaka w'amavuta atangaje, ljambo ryose ry'ubuvugishwa ryamenyeshejwe ku buzima bwawe rizoranguka mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzokwisonzesha, nsege mumwanya niteze ukugaragara kw'ljambo ryanje ry'ubuvugishwa. Ndazi ko kwisonzesha bimenagura umubiri wanjye kandi bikagabisha kandi bigatunganya impwemu yanje k'ukuri kwo mu karere k'impwemu, mw'Izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Matayo 17:21



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 35**
Kuvayo 25-26; Matayo 20:1-19

KUWA KANE
IGENEKEREZO RYA 5
RUHUUHUMA

GoodNews
DAILY

KOMEZA KUVUGA JAMBO

Yohana 11:53

Nuko bahera uyo musi baja inama yo kumwica

Kugira ngo utahure uwo murongo, utegerezwa kurimbura k'umurongo uza imbere yahoo, numurongo ukurikira. Abanyadini muri ico gihe bararwaniye Yesu kubera yuko bashakira gukingira ibibanza bari bafise. Baratoteza Umukozi w'ibitangaza kugira ngo bazigame ububasha bwabo. Ntutangazwe n'abanyadini iyo baje kukurwanya. Na Shebuja ni ko babimugirira. Rero, nimba biriko biragushikira, menya ko atari ikintu gishasha.

Gukora ibitangaro no gutera imbere birakwegera ukurwanywa. Aho ukora, iyo igihe co kuduzwa mu hejuru cegereje, amagara yawe, umuryango wawe canke no amahera yawe vyashobora guterwa. Umwansi ntazokwigera aha amashi iterambere ryawe, ararirwanya.

Rero, guma mwitwaje inkota ya Mpwemu ariryo Jambo ry'Imana. Mubandanye murivuga; mukomeze murivuge. Atura ko wahezagiwe, kandi nta jambo ribi rizovugwa kuri wewe rizotsinda muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nicaranye na Kristu ahantu h'ijuru. Sinshobora kunanirwa, kuko Uhoraho azonshigikira n'ukuboko kwiwe kw'ukuryo kw'ubugororotsi mw'Izina rya Yesu! Shemeze Umukama! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 22:2



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 36**
Kuvayo 27-29; Matayo 20:20-34



KWIMENYEREZA ICUBAHIRO

Kuvayo 20:12

Wubahe so na nyoko, kugira ngo uramire mu gihugu Umukama Imana yawe nguhaye.

Benshi basoma uyu murongo biyumvira gusa igihugu Imana itanga, ariko kandi n'imisi itanga. Ubuzima buramba burafitaniye isano n'ugutera iteka so na nyoko. (Abanyefeso 6:2) haravyemeza mu gusubiramwo umurongo w'uyu musi.

Gutera iteka so na nyoko bikwugururira ubuzima buramba, ukuduzwa, uguterimbere, amahoro, n'uburinzi bw'Imana. Ariko rero, abakristo benshi barakora ikosa ryo kwiyumvira yuko, kubera ko ubu bavutse ubwa kabiri, gutera iteka abavyeyi babo babavyaye bitagikenewe, ko abavyeyi bo mu vy'impwemu bonyene ari bo bahambaye. Iryo ni ikosa rikomeye cane. Kugira wunguke bimwe bishitse kuri uwo muhango, utegerezwa gutera iteka abavyeyi bawe bakuvyaye n'abavyeyi bawe bo mu vy'impwemu.

Nimuhe agaciro kandi mwitwararike abavyeyi banyu igihe bakiri kumwe namwe. Ntukigere ubifata nk'ibisanzwe, ubihe icubahiro kandi ugaragaze ugukenguruka kwawe imisi yose.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzokwigera nihakana umuhezagiro w'ubuzima buramba biciye mu kumatanga icubahiro! Uguterimbere n'amahoro ni ivyanje uko ntera iteka abavyeyi banje b'umubiri n'ab'impwemu, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abanyefeso 6:2



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 37**
Luka 2:27-52; Zaburi 16-17

NDATU
RYA 7
MA

GoodNews
DAILY

NIMUBIBE MUBUNTU

Itanguriro 27:7

Abantu benshi baripfuzako ko bakurukira canke abajanyama babo bo mu vy'impwemu babasigaye amavuta. Ariko rero, vyashoborako kugutanga kumenyako yuko benshi biteguye kumuka urwo rwego rwo kurobanurwa ku buntu! Ku bw'ivyo, ni bakenye bagira icyo bitereraye kiramba mu busuku kubera ko benshi birengagizako ingingo ngenderwako y'ukwitanga. Ubuvuyeyi nyakuri n'ugusigaye amavuta bisaba kwitanga.

Niwaba ushaka gukura no gusubiramwo ibikorwa vy'uwufise ubuntu wipfuzwa, genda urenze gushima, wifatanye nuwo yarons eubwo buntu mu kubiba muri ubwo buntu. Niwaba ushaka vyose mu buzima ku buntu, utabikoreye canke ngo ubibemwo, ntuzokwigera ubiha agaciro vy'ukuri. Ni co gituma izahaki yasavye inyama y'inzovu imbere yo kurekura umuhezagiro ku muhungu wiwe. Ni ingingo ngenderwako y'impwemu: icubahiro biciye mu kwitanga cugurur urugi rwo gusigwa amavuta. Ibi rero ubishigikiye mu buzima bwawe, uzokwimbura ivyiza.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndakira ubuntu. Nditeguye gusigwa amavuta mu guhimbara umuvyeyi wanjye wo mumpwemu biciye mu kubiba mu vyo Imana yashize ku buzima bwiwe, mw'izina ry'ububasha rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburavyo 11:20



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 –
UMUSI WA 38**
Kuvayo 30-32; Matayo 21: 1-22

KU MUSI W'IMANA
IGENEKEREZO RYA 8
RUHUHUMA



UKUBAHO KW'IMANA

Yohana 11:14-15

Nuko Yesu araberurira ati: «Lazaro yarapfuye. Nanje ndanezerewe kubera mwebwe ko ntariyo, kugira ngo mwizere; yamara tuje iwe.

None, Yesu yari gushobora gute kunezererwa urupfu rwa Lazaro? Iki canditswe kirahishura ico abahinga mu vya tewolojiya bita ibihushane mw'ijambo ry'Imana. Umukama nyen'ubuzima, aranezerwa iyo yumvise urupfu rw'umuyoboze wiwe akunda. Iciumviro ciwe cari iki: Ukubaho kwiwe kw'inguvu ntikwariho igihe Lazaro yapfa, ariko ukwo kutabaho kwatumye haba akaryo ko kwizera gukomeye.

Rimwe na rimwe, urugamba rwawe si urw'ugukekeranya ububasha bw'Imana, ahubwo ni urw'uko izokwerekana ububasha bwayo mubintu vyawe. Ndi hano kugira ndabamenyeshe ko n'aho mwamaze guca muri vyinshi, mwihanganiye igitero cose, Yesu yamaze kurungika imfashanyo, kandi iri mu nzira. Ukubaho kwiwe kw'inguvu kuzogusanganira aho nyene ubikeneye, kandi ikintu cose capfuye mu buzima bwawe kizozuka. Aleluya!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kumwe n'Imana, nsishobora gutsindwa! Kumwe n'Imana, ntakinkorako! Ntanakimwe kizompagarika gutera imbere muri uyu mwaka w'amavuta atangaje. Imana ihabwe icubahiro! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 8:28



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 39**
Kuvayo 33-34; Matayo 21: 23-46

KU WA MBERE
IGENEKEREZO RYA 9
RUHUMA

GoodNews
DAILY

UKUBONEKA KWIWE GUTANGAJE

Matayo 24:35

Ijuru n'isi bizorangira, ariko amajambo yanje ntazohera.

Iyo mvuze kandi nkaganira ku guhaguruka kwisengero, si ukwamamaze urupfu canke ngo ntere ubwoba, ahubwo ni ukugira ngo menyeshe ivyo Bibiliya ivuga ko bizoshika mu misi y'iherezo. Hari abavyihoza nk'uburyu, mugabo barihenda. Abandi bati: « Nta muntu azi igihe », ivyo bigatuma ubu butumwa burushiriza kwihutirwa.

Kuvuga ivy'uguhaguruka ntibiraba idini canke kubiba ubwoba; ni umuhamagaro wo kwitegurira guhura n'Umuremyi wawe. Guhaguruka kwawe bwite kwashobora kuba igihe cose, rero wame witeguye. Baho imisi yose wambaye ukugororoka kw'Imana.

Amajambo ya Yesu ni ay'ukuri, ntashobora guhungabana kandi ni ay'ibihe bidahera. Iryo avuga, arabikora. Nuko rero, mwame witeguye, mugume mushikamye, kandi mube maso muri uku kwezi n'umwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi maso, ubwenge bwanje buriteguye, umutima wanjye uriteguye, kandi nzoheza igikorwa canje nkomeye mw'Izina rya Yesu ry'ububasha! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 119:89



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 40
Kuvayo 35-37; Matayo 22:1-22

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 10
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

MBEGA IMANA IRANSHIGIKIYE?

Abaheburayo 13:8

Yezu Kristu ni we nyene ejo, n'uyu musi, n'ibihe vyose.

Nimba utigeze wibaza nimba Imana irikumwe nawe vy'ukuri, rero nturahura n'umubabaro w'ukuri. Ushobora kuba uri umuntu yiyemeje, w'intahemuka, w'ubwenge, kandi w'umwete kuruta abandi bose kubijanye n'ibintu vy'Imana ariko ukumva ko ubuzima bwawe buriko burasenyuka. Ni ho utangura kwibaza nimba Imana iri ku ruhande rwawe canke nimba inakubona.

Ukeneye kumenya ko kugira Imana mu buzima bwawe no kwibonera ukuhaba kwayo gukomeye atari cokimwe. Dukorera Imana yabasokuruzza yihangana cane, kandi uko ukuhaba kwayo gukomeye kugenda gukwiragira muri wewe no mu bigukikuje, ubuzima bwawe buzogira insobanuro nshasha. Igihe Imana izo kwivanga mubuzima bwawe, uzoshinga intahe ata nkeka ko Imana iri muruhande gwawe vy'ukuri muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndazi ko Imana yanje itibagira. Ndi hafi yayo, Inshira Imbere, kandi yanyiyanditseko ku biganza vyiwe. Nagenewe gutera imbere mw'Izina rya Yesu rikomeye! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Malaki 3:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 41**
Kuvayo 38-40; Matayo 22:23-46

KU WA GATATU
IGENEKEREZO RYA 11
RUHUHUMA



URIKO URAVAYO

Yeremiya 1:12

Maze Uhoraho arambwira ati: «Ubibonye neza, kuko nzokwihutisha Ijambo ryanje kugira ngo ndarishitse.

Imana ntiyigeze isinzira, rero nta ejo haheze igira, kandi ntizokwigera isinzira, rero nta ejo hazoza igira, iri mumwanya w'ubu nyene udashira. Rero, iyo Imana ivuze ngo Iraguhezagiye, bisigura ko ibikora ubu, atari hanyuma.

Kenshi, ni ivyiyumviro vyacu bisubiza inyuma igitangaza, twiyumvira ko ari ivy'ejo, igihe Imana yiteguye kubikora ubu. Ntacoshobora kubuza icipfuzo c'Imana c'uguterimbere kwawe, ugukira kwawe n'ukwiyongera kwawe. Imigambi yiwe ku buzima bwawe ntiyigera igira impungenge, canke ijewmo gukekeranya. Imana ivuga mw'ijambo ryayo ko imigambi yakugiriye ari myiza atari mibi. Mwizere, umufate kw'Ijambo ryiwe, uzoba neza na neza uwo Imana ivuga ko uri!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndajijukiye ko ata burebure canke ubunini, amaganya canke ingorane, abamarayika canke ibintu bizoza bishobora kuntandukanya n'urukundo rw'Imana. Ngendera mu ntsinzi uno musu n'ibihe bidahera, mw'Izina rya Yesu rikomeye! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yesaya 55:11



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 42**
Abalewi 1-3; Matayo 23:1-18

GERAGEZA INDIMI ZITAMENYEKANYE

Yohana 2:1

Ku musi ugira gatatu, haba ubugeni i Kana h'i Galilaya. kandi nyina wa Yezu yari ng'aho.

Ewe, Yesu yari mu bukwe, yamara umuvinyu urahera! Na wewe nyene, ushobora kuba ari wewe uja mw'ishengero utahana ibikombe vyinshi canke ukambara izina ry'icubahiro ry' "umusenzi" yamara konti yawe yo muri banki iriko irashikirwa n'indwara y'amaraso yo mu mutima. Urufunguruzo ni ukumenya ingene wokoresha ukuhaba kw'Imana gukora.

Mu karere k'impwemu, urashobora guhindura igihe Imana yategakanije mu buzima bwawe mu guhagukura mumasengesho mu ndimi. Uko usenga, Mpwemu Yera araguha amajambo akenewe, yaba aya viza yawe, akazi kawe, kurwana n'abapfumu bo mu muryango wawe, canke amahera yawe! Indimi zituma ugusenga kuba ugutomoye birenze ugutahura kwawe kwa kavukire.

Guma mu ndimi kandi wizigire Ijambo ry'Imana, uzobona ukuhaba kiwe gukomeye, kurekura ibitangaro bidahagarara muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nvuga ururimi rwo mw'Ijuru! Nkorana n'ubumana mu ndimi zihungabanya ubwami bw'umwiza. Nsishobora kwicwa; uwo nkorako niwe azoba apfuye! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 2:51



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 43
Abalewi 4-5; Matayo 23: 19-39



GUSOBANURA IBIMENYETSO

Yoweli 2:1

Nimuvugirize inzamba i Siyoni, muvugirize inkengeri ku musozi wanje mweranda, ababa mu gihugu bose nibashimire agashitsi, kuko umusi w'Umukama uri hafi.

Rimwe na rimwe, birashika ukumva udatekanye mu mumutima wawe. Ivyo ni ibirenze ivyiyumviro, ni ikimenyetso kiva mu karere k'impwemu, ni imburi y'uko hari ikintu kigiye kuba. Ibimenyetso vy'intambara biratuma udatekana mu mpwemu yawe.

Iyo ubonye mwene ivyo bimenyetso, bisigura ko impwemu yawe ishobora kuba iriko itahura kandi ikaba iri maso ku bitero vyegereje, kandi urakeneye kuba witeguye. Ntiwirengagize; gufata nka nkama ivyo bimenyetso maze uce ukavyishura ubwo nyene mw'isengesho, urwana n'Ijambo. Ube maso, kuko mbere ushobora kuba ufise Yuda yihishije mu kibano cawe.

Muri uyu mwaka w'amavuata atangaje guma uri maso, usobanure ibimenyetso vy'intambara, maze uhagarare mu ntsinzi.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umusirikare mu ngabo z'Umwami. Antena yanje y'impwemu irafata ibimenyetso vy'Ijuru vy'intambara, maze bikansubiza mu bikorwa. Sinshobora gufatwa giturumbuka, mw'Izina rya Yesu rikomeye! Shima Umwami!



KUNONOSORA INYIGISHO
2 Petero 3:10



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 44
Luka 3: 1-19; Zaburi 18-19

KU WA GATANDATU
IGENEKEREZO RYA 14
RUHUHUMA



UBURYO BWO GUHAGURUKA

Matayo 24:38

Kuko nk'uko vyari biri mu misi umwuzure utaratera, bārarya, baranywa, bararongora, barashingira, bageza kuri wa musi Nowa yinjiye mu bwato.

Rimbura witonze urwitwazo rw'ico canditswe kugira ngo uko upapira ico canditswe, ushobore gutahura ibigikikuje. Ni nde yariko arya kandi anywa? None yoba yari Nowa? Oya, kuko yariko yubaka ubwato. Ukurya n'ukunywa ni vyo vyari bihangayikishije abanyavyaha.

Mu isi y'ubu, ni ko biriko biraba, amaparade y'"ubwibone", ibirori birimwo ukunywa, kuririmba, n'ubwoko bwose bwo kwisuka birenze urugero mu vyo kwinezerereza vy'umubiri. Ariko rero, umukirisu w'ukuri yibanda ku gutsinda imishaha no ku kuza kw'Umukama wacu Yesu Kristo.

Ivyo vyose biriko biraba ubu vyari hagati mu misi ya Nowa, ariko Nowa yagumye yitwararika igikorwa Imana yamuhaye. Igihe umwuzure waza, mu gihe abandi bariko barababazwa cane, Nowa yarafise amahoro yo mu mutima.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndaka umuriro wa Yesu gushika aho azombonekera mu buninahazwa. Nditeguye kumusanganira mu bicu, mbere n'ubu nyene! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 17:26-27



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 45**
Abalewi 6-7; Matayo 24:1-31

KU MUSI W'IMANA
IGENEKEREZO RYA 15
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

IBIVUGURUZANYA!

Matayo 26:6

Yesu yari i Betaniya mu nzu kwa Simoni umunyamibembe.

Yesu yari mu nzu kwa Simoni umunyamibembe. Iyumvire ukuntu ibintu bivuguruzanya, Umukiza, Umukozi w'ibitangaza, Umwanditsi n'Umuhezagizi w'ukwizera kwacu yari yicaye mu nzu y'umuntu yari agifise ingwara. Nta canditswe cerekana ko Simoni yakijijwe, ahubwo ko Yesu yari yicaye mu nzu yiwe. Iyumvire gusa uri imbere y'Umuremyi ubwiwe, yamara uwamwakiriye akaguma arwaye.

Nawe nyene, ushobora kuba urwaye, ubabazwa n'ingorane, canke ubaho mu bukene, ariko ukaba urikumwe n'Imana. Ariko rero, ndabikubwira ko uko musoma iki kinyamakuru GoodNews Daily uno musi, ivyo bivuguruzanya birahera! Hariho ugusubira gutunganya imiterere y'umubiri wawe n'Ijambo ry'Imana. Uyu musi, amagara yawe, ubudandaji bwawe, umuryango wawe n'amahera yawe biriko birasubirana. Ntuzosubira kuba imbere y'Imana ngo ubeho ubuzima bw'ibivuguruzanya!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nsintsindwa! Nsinanigwa! Nzotsinda uko bigenda kwose, kuko Imana yampaye intsinzi iri hejuru cane y'ubukuru n'ububasha, mw'izina rya Yesu rikomeye. Shima Umukama!



KUNONOSORA INYIGISHO
Mariko 14:3



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 46**
Abalewi 8-10; Matayo 24: 32-51



**KU WA MBERE
IGENEKEREZO RYA 16
RUHUHUMA**

UBUZIMA BWawe BURAKINGIWE

Imigani 18:10

Izina ry'Umukama ni umunara ukomeye, umugororotsi awirukiramwo, agakira.

Uburinzi muri Kristo ni impano ku bantu bose bizigira izina ryiwe. (Zaburi 91:3) ivuga iti: "Nta nkeka ko azogukiza umutego w'umuhizi w'inyoni, n'ikiza cica." Umutekano wawe urahambaye kuri Kristo, kandi uburinzi bwiwe buri garanti ku bamwemera. Rero, ntutinye.

Abamarayika bashinzwe igikorwa co kukurinda. Uko usohoka uno musi, nturi wenyene, uyobowe n'abamarayika, ukikujwe impande zose. Imana iritayeho ko umusi wawe ugende neza kandi izokwitwararika ko udatsitara canke ngo ugwe. Nta kibi kizogushikira uno musi. Ugusohoka kwawe kurahezagiwe, n'ukwinjira kwawe kurahezagiwe, mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Narahezagiwe n'Imana! Imirongo yanje yaguye ahantu heza. Iyo nteye intambwe, satani aragira ubwoba, mw'Izina ry'ubushobozi rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 61:3



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 –
UMUSI WA 47**
Abalewi 11-12; Matayo 25:1-30

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 17
RUHUHUMA



NI UGUSUBIRAMWO

Umusiguzi 1:9

Ivyabaye bizosubira kubaho, ivyabaye bizosubira gukorwa; nta kintu gishasha kiri muni y'izuba.

Ivyo ubona vyose ni ugusubiramwo. Iyo ntaze ubuvugishwa bw'umupira w'amaguru, umupira w'amaboko, canke ibindi bintu, nkamenyesha abatsinze n'abatsinzwe, ni kubera ko namaze kubabona mu karere k'impwemu. Ivyo bikubwira ko ubuzima uko ububona kandi ubuzi burenze ubw'umubiri, ni ugusubiramwo kw' ivy' impwemu vyiyerekana mu vy'akameremere.

Mu gutahura kw'ubuhanuzi, ndatuye ugutera imbere mu bucuruzi bwawe, mu vy'amahera, no mu muryango, no gukira mu mubiri wawe! Ayo si amajambo asanzwe; atwaye ububasha. Uyu musu ni umusi udasanze kuri wewe, ubuzima bwawe buriko buraduzwa nk'inyubakwa. Iyerekanwa ry'ibitangaro mu buzima bwawe rizobandanya kandi ritagira iherezo muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Naramaze guhezagirwa, kandi ntibishobora guhinduka. Nzobaho mukuduzwa no mu butoni butagira iherezo mu kiringo cose gisigaye c'uyu mwaka, mw'izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburayo 13:8



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 48**
Abalewi 13-14; Matayo 25: 31-46

KU WA GATATU
IGENEKEREZO RYA 18
RUHUHUMA



YESU ARAGARUKA – VUBA CANE!

1 Ab'i Korinto 15:52

Bizoshika mu kanya gatoyi, mu kanya nk'ako gukubita urugohe, igihe inzumbete ya nyuma izovuzwa... abapfuye bazozuka babeho ibihe bidahera. Kandi na twebwe abariho tuzohinduka.`

Abantu benshi, mbere n'abakristo, baragira ubwoba iyo bavuze ivy'uguhaguruka kw'ishengero canke ukugaruka kwa Kristo. Niwaba witeguriye Ijuru, ntaco ufise cogutinya, waramaze gutsinda! Ndabamenyesha; ntimuzobura uguhagurutswa! Niba utarakira Kristo nk'Umwami n'Umukiza wawe, rondera igice ca "Woba warakiriye Yesu nk'umwami n'umukiza" muri aka gatabo maze usenge isengesho ryo kumwakira ubu nyene!

Inzamba niyavuga imenyesha ukuza kwiwe, mu kanya nk'ako gukubita urugohe, uzoduzwa guhura n'Umukama mu bicu. Rero, reka kwiganyira, tangura kunezerwa. Imenyereze kubaho mu buryo bwokwama uri maso, wama witeguriye ukuza kwiwe. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje uzoharurwa mu mubare!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Naremwese intumbero ry'Ijuru kandi nditeguriye guhaguruka! Umwansi ntashobora gutuma ncika intege. Ndi umuntu afise umutima w'Ubwami kandi sinzokwigera nsigara inyuma. Shima Umukama! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Matayo 24:31



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 –
UMUSI WA 49**
Abalewi 15-16; Matayo 26:1-35

KU WA KANE
IGENEKEREZO RYA 19
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

GUKIRA

Matayo 15:30

Ishengero ryinshi ryaramuzaniye abacumbagira, impumyi, ibimuga, abatashobora kuvuga, n'abandi benshi. Barabashira imbere ya Yezu, arabakiza bose.

Hariho ibitangaro bitangaje cane ku buryo abantu bavuga bati, ntitwigeze tubona bikorwa muri ubu buryo! Mu kugendana n'Imana, narabonye gukira kutagira uko gungana, yamara ndatangazwa n'umubare w'abarwaye SIDA bakize. Yaba mu makoraniro canke mu misa yo ku musi w'Imana, SIDA irakira ubwo nyene uko tumenyeshya ugukira mw'Izina rya Yesu.

Uko indwara canke amagara yawe vyoba biri kwose, uwo Yesu nyene yakijije indwara zigoye incuro nyinshi ni we ariko arazana ugukira mu mubiri wawe ubu nyene! Vyakire! Amagufa yawe, imitsi y'amaraso n'ibihimba vyawe biriko birasubirana. Yesu Umukiza ariko arakora ku mubiri wawe uko usoma iyi Nkuru Nziza ku musi ku musi mu kwizera. Niwizere gusa, gukira kwawe kuzogaragara mw'Izina rya Yesu rikomeye!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Sinzorwana n'ingwara canke ububabare. Umubiri wanje uranka ubugoyagoye bwose. Mbayeho mu magara yuzuye, mw'Izina ry'ububasha rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yohana 6:24



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 50**
Abalewi 17-19; Matayo 26: 36-75

KU WA GATANU
IGENEKEREZO RYA 20
RUHUHUMA



GoodNews
DAILY

VYOSE NI YESU

Yohana 14:14

ni mwagira ico musaba kw'izina ryanje, nzogikora.

Mu kibuga cuzuye abantu mu karere ka Copperbelt muri Zambia, mu makoraniro ya GoodNews Myandagaro 2025, narabonye ububasha bw'igitangaza bw'Imana bukora. Sinamamaje n'ubuhinga bwo kuvuga nk'ubw'umuntu ariko mu kwerekana ububasha, nk'uko vyamenyeshejwe muri (1 Ab'i Korinto 2:4). Abantu ibihumbi mirongo bari muri sitade be n'abantu amamiliyoni bo hirya no hino kw'isi barabonye Yesu ariko arakora!

Indwara y'ibimuga yarakize, SIDA irazimangana, amahera y'igitangaza araboneka mu matelefone ngendanwa mbere nk'amahera y'umubiri. Ibintu bitagira ubuzima, nk'ibikoresho vya telefone vyasadtse, vyarasanuwe mu buryo budasanze ata n'akarongo k'ivyari vyarononekaye mbere. Indwara zo mumamaraso nk'agakoko gatera SIDA zarakize incuro nyinshi. Ni Yesu gusa!

Abaganga bakoresha imiti kugira ngo bakureho ibimenyetso vy'ingwara, ariko ljambo rimwe rivuye ku Mana rizana ibitangaro, ibimenyetso n'ibitangaza bihita, ata ngaruka mbi bigira. Ni YESU gusa!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ni Yesu gusa anyobora gukora ibikorwa vy'ubuhizi muri uyu mwaka nyene w'amavuta atangaje. Sinshobora guhagarara canke ngo nciye intege, kuko anyobora kuva mu buninahazwa nja mu buninahazwa! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Yohana 3:22



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 51**
Luka 3:20-38; Zaburi 20-22

KU WA GATANDATU
IGENEKEREZO RYA 21
RUHUHUMA



INZARA YIVY'IMANA

Itanguriro 5:24

Kandi Henoki yagendana n'Imana; kuko Imana yamutwaye.

Abakristo benshi barondera ububasha, icubahiro canke kwemerwa, yamara inzara bafise y'ivy'Imana n'iy'igitutu. Narahuye n'abantu bipfuzaga gukora ibimenyetso ariko batagira inzara y'ubucuti nyakuri n'Imana yo mw'Ijuru. Bashakaga "ibintu" vyawe ariko barakenye mu rukundo rwiwe.

Umugabo canke umugore afise inzara itazima yivy'Imana ateguka ububasha kandi agahindura iherezaho. Igihe kirageze ko uba uwo muntu, uwuriko arashya n'icupfuzo kitazima cy'Imana. Muri uyu mwaka w'amavuta atangajwe reka inzara yawe idugera ku rugero Imana ishobora kukwizeza ububasha bwo buhindura kugira ngo uzane impinduka mu muryango wawe, mu bucuruzi bwawe, mu kazi kawe, no mu vy'amahera aho ntambara.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Inzara yanje y'Imana ntiyigera igabanywe! Uko icupfuzo canje kuri we gikurira, ni ko ngira ububasha kandi nkatera intambwe n'ubushizi bw'amanga mu vy' iMpwemu. Ubuzima bwanje buraduka mu buninahazwa, mw'Izina rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 24:51



GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 52
Abalewi 20-22; Matayo 27:1-32

KU MUSI W'IMANA
IGENEKEREZO RYA 22
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

KWIBANDA MUGUSENGA

1 Abami 18:42

Nuko Ahabu araduga kurya no kunywa. Eliya arazamuka kw'isonga rya Karumeli; aca yikubita hasi, ashira mu maso hiwe hagati y'amavi yiwe.

Umuwugishwa Eliya yasenga ashize umutwe hagati y'amavi. Umutwe wiwe, ariwo urimwo amaso, amatwi, akanwa, izuru n'ubwonko, wari upfukamye mu kuyoboka rwose. Iyo nyifato yerekana ko ubushobozi bwiwe bwose bwari bufise uruhara mw'isengesho rikomeye, ata kibanza yari afise co gusamara.

Ni mu gihe c'ukwibanda bihanitse ko umuriro uva mu cumba c'intebe y'ubwami winjira mu kurwanya kwose kw'iterambere ryawe. Reka umwanya wawe wo gusenga ube uwo kwibanda ku bikomeye, uzirikana mu kwizera no mu kwitega, rero ingaruka zizogaragara nta nkeka. Mwene iryo sengesho rishira mu ngiro ibintu vy'ukuri vyo mw'ijuru rikavyara n'ibitangaro. Imenyereze gusenga n'ibigirankana, ubuzima bwawe buzoduga cane muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nsengana inyishu! Amasengesho yanje azunguza intara kandi agahatira ibintu gutsindwa n'Ijambo ry'Imana riri muri jewu. Amasengesho yanje ashingiye ku ngaruka kuko nshize umutima ku guteza imbere umugambi w'Imana. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yakobo 5:17-18



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 53**
Abalewi 23-25; Matayo 27:33-66

KU WA MBERE
IGENEKEREZO RYA 23
RUHUHUMA



IGIHE CO KWIHERERA

1 Abami 19:9

**Aho ni ho ashika mu buvumo, arara. Ariko Uhoraho aramubaza ati:
«Urakora iki hano ga Eliya? »**

Hariho ibihe vyo kuba mu bantu benshi, ukavuzza induru, ukaririmba, kandi ugatazira. Hariho kandi ibihe bihambaye cane aho ibintu bihinduka mu buzima bigasaba ko umuntu aja ahiherereye. Ni muri ivyo bihe vy'ukwiherera Imana itangura kuvugana nawe.

Eliya, umuhanuzi azwi cane, yaragiye kure cane, arara mw'isenga, atandukanye rwose n'abandi bantu. Aho ni ho ljambo ry'Umukama ryamushikiriye.

Wagumye mu kibanza c'urwamo igihe kirekire cane, wivanga n'abantu benshi ico wahakuye gusa ni ububabare, ukubabazwa n'ukuvunika umutima. Ariko niwashira amanga ukitandukanya n'abantu muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, Imana izohura nawe kugirango ikwiyerereke muburyo buhindura iherezo ryawe ibihe bidahera.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzoreka amaso yanje asinzira gushika Imana ivuze mu gihe canje co kwiherera. Ndazi ko Imana ivuga, kandi ndi mu kibanza co kuyumva neza, mw'Izina ry'ububasha rya Yesu! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 46:10



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 54**
Abalewi 26-27; Matayo 28

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 24
RUHUHUMA



INYIFATO Y'UMUTIMA

Yeremiya 17:9

Umutima ni umuhendanyi kuruta vyose kandi ntushobora gukira. Ni nde yoshobora kubitahura?

Tuba mw'isi aho benshi bihatira gutangaza abantu. Bamwebamwe baratwenga, bakaryohegwa kandi bakaboneka nk'abanezerewe, ariko none mu vy'ukuri umutima umeze gute?

Muri imwe mumakoraniro yacu, hari umugabo n'umugore binjiye batwenga, bafatanye amaboko, bose babashimagiza. Ku jisho ry'akameremere, urukundo rwabo rwasa n'urwo mw'ljuru. Yamara uko ubuvugishwa bwagenda buratangwa, vyahishuwe ko bari ku mpungene yokwahukana. Igiteye ubwoba ni uko uwo mugore yari yamaze gutanga impapuro zokwahukana, ariko uwo mugabo ntiyari abizi na gato. Ukwemeza kwiwe kw'ljambo ry'uubuvugishwa kwatumye uwo mugabo atangara cane.

Imana ntigucira urubanza ikurikije ukuntu umuntu aboneka hanze ahubwo icira urubanza umuntu ikurikije aho ingene umutima wiwe wifashe. Reka rerp ibone ko umutima wawe wiyeguriye yo muri uyu mwaka w'amavuta atangaje.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Umutima wanjye urakira Ijambo ry'Imana. Impwemu yanje irakurikira amabwirizwa yiwe. Rero, nshobora gusa gutera nja imbere, mw'Izina rya Yesu! Aleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaheburayo 4:12



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 55**
Guharūra 1-2; Mariko 1:1-22

GoodNews
DAILY

IBIFASHA AMAROKETI

1 Yohana 2:19

Bavuye muri twebwe, mugabo ntibari abo muri twebwe; kuko iyo baba abacu, baba baragumanye natwe, ariko baravuyeyo, kugira ngo bigaragare yuko bose atari abacu.

Ivyo bikoresho bitera ibisasu biratanga inguvu zikenewe kugira ngo ihaguruke, mugabo iyo imaze gushika ku kirere kinaka, birayitandukanya, bikayisiga ikabandanya izunguruka.

Nkuko nyene, hari abantu bagenewe gusa kuguherekeza mu gice c'urugendo rwawe. Yamara rero abakristo benshi barabura itiro bibaza igituma umuntu yahisemwo kugenda, nivyo babakoreye vyose. Ukuri ni abantu n'ibintu bimwe bimwe ntibishobora kuguherekeza gushika ku rugero rwawe rukurikira.

Igihe kirageze ko ufata ivyiyumviro vy'umuhinga mu vy'imizinga: ubone ko ukugenda kwabo ari ngombwa kugira ngo ushike hejuru. Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje n'utere imbere, ureke ibidashobora kugumana nawe, maze utere uja hejuru!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Navutse ndi umutsinzi! Sinshobora kunanirwa, ndabafise canke ntabafise. Nditeguriye intsinzi kandi nzokwerekana ububasha bw'Imana ubu n'ibihe vyose, mw'Izina rya Yesu rikomeye!



KUNONOSORA INYIGISHO
2 Timoteyo 4:10



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 56**
Guharura 3-4; Mariko 1:23-45

KU WA KANE
IGENEKEREZO RYA 26
RUHUHUMA

GoodNews
DAILY

BIRARANGIYE!

Yohana 19:30

Yezu amaze kuyinywa, aravuga ati: «Birarangiyeye», aca yunama, aracica.

Igihe Yesu yatangaza n'ubushizi bw'amanga ati: «BIRARANGIYE!!» ku bari bamukikuje no ku biremwa vyose, ryari ijambo ryasubiramwo gushika ibihe bidahera. Ivyaha vyawe vya kera, ivy'ubu n'ivy'imbere vyose vyaciye kuri uwo musaraba. Yezu ntari mu bikogwa vyo gusubira mu makosa yawe, rero ntukibambe!

Amaraso yiwe yamenetse yari indishi yuzuye y'icaha c'abantu. Kumenya ko yarishe igiciro c'iherezo bikwiye kwuzura umutima wawe umunezero n'amahoro, atari ukwicira urubanza canke gucirwa urubanza. Iyo Yesu avuze ko vyarangiyeye, bisigura ko ikibazo carangiyeye, ntukwiye gusubira kuvyitaho. Warababariye, kandi inyandiko y'ibibi wakoze irazimanganywa burundu.

Himbaza umwidegemvyo wawe uno musi mugushima, kuko muri Kristo uridegemvya vy'ukuri!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi ikiremwa gishasha muri Kristo! Ubuzima bwanje ubu bunyegerwe muri We. Ndi uwo Imana ivuga ko ndi, kandi nditeguriye guhindura amahanga kubwa Kristo! Shima Umukama! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 5:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 –
UMUSI WA 57**
Guharura 5-6; Mariko 2: 1-28

KU WA GATANU
IGENEKEREZO RYA 27
RUHUHUMA



REKA UMUCO WAVE WAKE!

Luka 8:16

Nta muntu yodomeka itara, ngo aryubike mu kibindi, canke ngo arishire munsu y'igitanda; arishira ku gitereko c'amatara, kugira ngo abinjira babone umuco.

Ikanguro ni ukuvyuka tukava mu bukonje bwo mu mpwemu no mu gusinzira tukaja mu gutera intambwe mu bintu bishasha vy'ukuri muri Kristo. Ivyanditswe bivuga ko ata n'umwe acana ibuji ngo ayihishe. Iyo Yesu akwita umuco w'isi, bisigura ko ushwiragiza umwijima, ntuwukwega.

Umuco utwaye muri wewe ni phótizó, umuco wa sitade ukayangana cane ugahuma amaso y'umwansi. Ni umuriro kandi uva muri Mpwemu Yera ari muri wewe. Uhamagariwe gukayangana ibidukikije vyawe. Rero, ntureka ngo umwijima ukure mu mubano wawe, mu muryango wawe, mu bucuruzi bwawe canke mu kazi kawe. Haguruke, umurikire! Kuko umuco wawe waje mur'uyu mwaka w'amavuta atangaje!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndakayangana nk'umuco w'ikibuga! Ndahaguruka nk'inyubakwa. Umwijima nta kibanza ufise mu kirere canje. Ntwara ububasha bw'Imana n'umuriro wa Mpwemu Yera muri jewe. Aleluya! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
2 Ab'i Korinto 4:6



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 58**
Luka 4:1-22; Psalms 23-25



INYUNGU IHAMBAYE YTEKA

Abanyefeso 6:2

Wubahe so na nyoko; iryo ni ryo tegeko rya mbere ririmwo isezerano.

Hariho imihezagiro ifatanye n'ugutera iteka ba se n'abavyeyi, baba abo mumubiri canke abo mu vy'impwemu. Ni ivy'agaciro cane ko ubitahura neza. Mu gutera iteka abavyeyi bawe, uronka ubuzima buramba, uguhindura ibihano vy'urupfu, ugukingirwa impanuka, n'urubanza rwo "kutagira icaha" ku birego vy'umwansi yogerageza gukoresha kugira ngo agukureho.

Iteka si icyumviro co mu vy'impwemu gusa kitaboneka; rigaragazwa mu buryo bw'umubiri. Nturindire kwibutswa gushimira no gutera iteka abavyeyi bawe bakuvyaye n'abakurera mu mpwemu. Icubahiro ni ingingo ngenderwako y'impwemu ikwegu umuhezagiro w'Imana. Ni itegeko kandi rizanana n'isezerano: kugira ngo imisi yawe ibe myinshi kw'isi.

Muri uyu mwaka w'amavuta atangaje, uko wubaha abavyeyi b'umubiri n'ab'impwemu, ubuzima buramba n'ukuzigama kw'Imana ni ivyawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzotera iteka abavyeyi banje bamvyaye nabo mu mpwemu mu majambo no mu bikorwa. Nditeguye kwakira ivyiza vyuzuye vy'iteka ubu n'ibihe vyose! Aleluya! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Kuvayo 20:12



**GUSOMA BIBLIYA MUMISI 365 -
UMUSI WA 59**
Guharura 7-8; Mariko 3:1-19

KU WA MUNGU,
IGENEKEREZO RYA 1
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

INYUNGU ZIDASHITSWA

Matayo 7:24

Ni co gituma umuntu wese yumva ayo majambo yanje, akayashira mu ngiro, asa n'umuntu w'umunyabwenge, yubatse inzu yiwe ku rutare.

Mwisi y'ishoramari, abacuruzi benshi baratahura icyumviro c'inyungu zitabonetse", inyungu ziriho ku mpapuro ariko zitaboneka kubera ko umutungo utagurishijwe. Ibaze nko kugura imigabane ku madolari 1000, hanyuma ikaduga ikaja ku madolari 1500.

Ukwo kwongerekana kw'amadolari 500 ni inyungu yawe itabonetse iba nyayo iyo ugurishije umugabane gusa. Ku bakristo, kunanirwa gukoresha icanditswe bisigura gushira mu kaga ubuzima bw'inyungu zitabonetse, ntiwigera uronka bimwe bishitse impembo Imana yakubikiye.

Ijambo rihinduka inyungu z'impapuro gusa, ryuzuye amasezerano y'Imana aguma asinziriye.

Umurongo ku wundi, itegeko ku rindi, icanditswe kirerekana umugambi w'Imana wo gutera imbere kwawe, naho hariho ijambo ry'umwaka w'amavuta atangaje, ariko ata gikorwa, nta co bimaze. Shira Ijambo mu gikorwa, nturyumve gusa, rikore!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu musimpitamwo kwumviriza Ijambo gusa ahubwo ndashiramwo ibikorwa! Nkoresha ingingo yose y'Imana yanditswe ku binyerekeye. Sinzobaho n'inyungu zitaboneka; Nshaka ivyo Imana yatangaje vyose ku buzima bwanje!



KUNONOSORA INYIGISHO
Yakobo 1:22



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 60**
Guharura 9-10; Mariko 3:20-35

KU WA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 2
NTWARANTE



GoodNews
DAILY

AMASO YIMANA

Abacamanza 6:15 (KJV) Gideyoni aramwishura ati: “Mbabarira, mwami wanje, ariko nokiza Isirayeli nte, umuryango wanje ni wo ugoyagoya kuruta abandi bose muri Manase, kandi mu muryango wanje ndi mutoyi kuruta abandi bose?”

Mu canditswe c'uyu musu, Imana ihamagara Gideyoni mu gihe Isirayeli yariko irahahazwa n'Abamidiyani. Uhoraho yavuze ati: « Genda n'izo nkomezi zawe, ukize Isirayeli mu maboko y'Abamidiyani...» Igituma iki gisomwa gifise akamaro kanini ni inyishu ya Gideyoni.

Aho kugenda yizigiye uwo Imana yamuhamagariye kuba, yishura afise ubwoba, acira urubanza ubushobozi bwiwe akoresheje amaso y'abantu. Abakristo benshi muri iki gihe na bo nyene ni ko babigira, bagahagarika ingendo y'Imana mu buzima bwabo mu gufata minenerwe ico bari muri Kristo.

Babona ko ata co bashoboye, ko bafise intege nke canke ko ari bato cane. Ariko ntaco bitwaye ko abandi bakubona ko uri muto cane, aho wize, aho ukora canke aho uba; nimba Imana yaraguhamagaye, izoguha ubushobozi bwo gukora ico yaguhamagariye. Uzoshitsa mission yayo mu buryo bukomeye!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu musu, ndahisemwo kwibona nkoresha amaso y'Imana. Ngenda n'ubushizi bw'amanga mu ndwi nshasha nzi ko natowe n'Imana!



KUNONOSORA INYIGISHO
Yeremiya 1:5-8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 61**
Guharura 11-13; Mariko 4:1-20

KUWA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 3
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

IGIKORWA C'INKONA

Abafilipi 3:14

Ndakomeza mbandaniriza gushika aho dutanguranirwa, ku mpera y'umuhamagaro w'Imana muri Kristo Yesu wo kuja mw ijuru

Mu vyigwa vy'inyoni, inkona zirazwi cane nk'inyoni zifise ubuhinga bwo kwitondera ibintu, kwigira ku migambi, no gukora neza. Zifise amaso akomeye incuro umunani kurusha ay'abantu, zishobora kubona inyamaswa zihiga n'iyi ziri ku birometero n'ibirometero, mbere ziri mu kirere kuri metero zirenga 7,000.

Ariko hejuru y'ivyo vyose, inkona zifise umugambi n'ukwiyemeza bitagira uko bingana—ntizikekeranya, ntizijugumira. Zibandanya gushika aho zishaka gushika, bitagoranye.

Nawe nk'umwana w'Imana, tegura ibikorwa vyawe nkuko inkona ibikora. Ukomere ku mugambi w'Imana, ukore ivyo yagutegetse ubikunze, ufise ukwitonda, inguvu n'ubwenge. Ntuhengeshanye: Shira amaso yawe ku ntego y'umuhamagaro wawe wo hejuru w'Imana ku buzima bwawe muri Kristo Yesu!

UKWATURA KW' UBUVUGISHWA

Nk'inkona, naremewe kuguruka! Mfise ibikoresho vyose bikenewe kugira nshitse umugambi w'Imana ku buzima bwanje ataguhusha canke guca kuruhande! Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abakolosayi 3:2



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 62**
Guharura 14-15; Mariko 4:21-41

KU WA GATATU,
IGENEKEREZO RYA 4
NTWARANTE



SINZOKWIGERA NGENDANA ITANGI ITUZUYE

Abaroma 12:11

Ntimwigere mubura umwete, ariko mugume mufise umwete mu vy'impwemu, mukorere Imana.

Abakristo benshi babaho ubuzima bwabo busanzwe ntibiteho ivyiza vyose Kristo yaduhaye biciye mu rupfu rwiwe no mu kuzuka kwiwe guhambaye, kubera gusa ko haciye mu vyiyumviro ikinyoma c'iterambere ry'impwemu.

Bahagarika gukurikirana inyigisho zimbitse z'Ijambo, amasengesho yo kugwego rwo hejuru, no kwiyegeurira Ubwami ata gusamara; bacyitse abavyipfuzaga gusa. Ibaze nko gutwara imodoka irimwo icya kane c'itangi y'igitoro. Nivyo uba usumba umuntu itangi yiwe igaragara itagira igitoro, ariko biracari kure y'uwuriko agendana imodoka irimwo itangi yuzuye igitoro!

Nk'umwana w'Imana, ntukigere wihenda ngo "Ntaco bitwaye aho ngeze hasumba aho nari kera", ukabigereranya naho Imana yashakako uba ugeze. Ntuzwigere ushaka kubaho ubuzima buri mu y'ubwo Imana yaguteguriye. Ugutera imbere nyakuri si ukubaho ubuzima ataco bubaye uguteranije n'aho wari kera habi, ahubwo ni ukuba mu buzima koko Kristo yateguye kubwawe!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sindiko ndondera kubaho ivyiza gusa; Ahubwo mparanira ivyiza Imana yateguye ku buzima bwanje! Sinzokwigera ngendera kw'itangi igaragara. Nuzuye ubushobozi bw'ubumana!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abanyefeso 3:19



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 63**
Guharura 16-18; Mariko 5:1-21

KU WA KANE, IGENEKEREZO
RYA 5 NTWARANTE

GoodNews
DAILY

NTA N'UMWE ATUNGANYE

Matayo 5:48

Murabe rero intungane nk'uko So wo mw'ijuru ari intungane.

Hariho ubuhendanyi umwansi atera bwinjiye imbere mu mitima y'abantu amamiliyoni: ni amajambo ngo "nta n'umwe atunganye." Naho vyashobora kumvikana nk'abicishije bugufi kandi bikora, biravuguruzwa ukuri guhishuriwe mu vyanditswe.

Iyo uretse bikaja imbere mu buzima bwawe, ingaruka zirashobora kuba mbi. Ego cane, umuntu arafise amahinyu, ariko iyo wemeye canke ukizera Kristo, uronka kamere yiwe kandi uhamagariwe kubaho ushingiyeye ku rugero rwiwe rwo mw'ijuru, atari ku ngero z'umuntu w'umubiri.

Imana yaduhaye Mpwemu Yera n'ingabire za Mpwemu zo gutunganya abera, ivyo bisigura wewe! Yesu, akarorero kacyi katagira agasembwa, yerekana ko ugutungana ari ukubaho uhuye n'ubugombe bw'Imana, ukagereranya ubuzima bwawe n'ubugororotsi bwayo.

Ubukristo nyakuri ni ukugaragara kw'ukuri, baho muri ukwo kuri uno musi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye ubuzima butunganye! Mbaho nkurikije urugero rwiwe rwo mw'ijuru. Ndanse umuco udatunganye w'iyi si y'ubu; Ndiko mbaho bihwaye n'ubugombe bwiwe!



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Yohana 4:17



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 64**
Guharura 19-20; Mariko 5:22-43

UBUSABANE N'UBUMANA

Yakobo 4:8

Mwiyegereze Imana, na yo izobegera. Yemwe banyavyaha, ni mukarabe: yemwe ab' imitima ibiri, ni mwiyeze imitima.

Igitandukanya ubukristo n'ayandi madini uko atunganijwe ni uko atari idini mu buryo bwa kera; ni ubucuti n'ubumana! Imana yaradukunze cane ku buryo yahisemwo kubana natwe, ikishirako igihano cacu ku musaraba, ikaducungura mu kuzuka kwayo guhambaye.

Ni Imana y'inyabuntu igukunda birenze uko umuntu yobitahura kandi ishaka ko ubaho ubuzima bwiza muri Kristo. Ivyanditswe bihishura ko uko wegera Imana, nayo ikwegera. Mu kwinjira mw'Ijambo ryiwe, uba uriko uratanga umwanya w'agaciro mu gukomeza iyo nzira y'ubucuti bw'Imana, nawe ukugurura amadirisha y'imihezagiro muburyo butagira uko bangana.

Nicokimwe n'ubucuti ubwo ari bwo bwose, uguseruranira akari ku mutima ni co kintu nyamukuru. Mubwire ivyo ukunda, ibikugoye, eka ivy' arivyo vyose, kuko vy'ukuri arakwitayeho.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mfise ubucuti n'Imana inyitaho! Uko ndamwegera buri musu, ndahinduka kandi nkaronka ububasha bwo gushitsa ubugombe bwiwe. Ngendera mu kwera kw'Imana n'amahoro atunganye mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Zaburi 145:18



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 65**
Luka 4:23-44; Zaburi 26-28

KU WA GATANDATU,
IGENEKEREZO RYA 7
NTWARANTE



IVYIPFUZO VYUZUZA INTUMBERO

Abakolosayi 3:23

Ivyo mukora vyose, mubikore n'umutima wanyu wose nk'aho mukorera Umwami, ntimube nk'aho mukorera abantu.

Hariho icyumviro kitari co c'uko umugambi w'Imana ku buzima bwawe uhushanye n'ivyo wipfuzaga kandi ko kugira ngo ushitse ubugombe bwayo, utegerezwa guheba ivyipfuzo vyawe.

Ariko rero, ivyo ntivyari gushobora kuba kure y'ukuri! Ivyanditswe vyigisha ko Imana ari yo iduha gukunda no gukora bivanye n'umugambi wayo mwiza. Iyo bihuye n'ubugombe bwiwe, ivyipfuzo vyawe sibibi nagatoya ahubwo ni ivyipfuzo bifise intumbero.

Nk'akarorero, nimba icyipfuzo cawe ari ugusumba abandi mu bijanye n'amavuriro y'abarwayi n'ivyiza kandi intumbero yawe wahawe n'Imana ari iyo kwamamaza ubutumwa bwiza, inyungu z'ubudandaji bwawe zirashobora gufasha mu gutanga amahera y'ubutumwa, gushigikira igikogwa, no gutuma habaho uburyo bwo kwamamaza Inkuru Nziza.

Imana ishaka ko uroraniwa ukagira amahirwe. Igihe cose ivyipfuzo vyawe bitazobuza umuhamagaro w'Imana ku buzima bwawe ahubwo bikawuzuka, bica bihinduka ibikoresho bikomeye vy'ubukuru bwayo.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye umutima wo gukora ibikorwa vyiza! Yaba gikogwa c'ibango canke mu budandaji, ukuroraniwa kwanje ni ukwukuri nk'uko izuba rirasa mu gitondo!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abafilipi 2:13



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 66**
Guharura 21-22; Mariko 6:1-31

UWUTWARA INKURU MBI

1 Petero 5:7

Muyikoreze amaganya yanyu yose, kuko ibabara.

Ivy'uko Ijambo ry'Imana ari iry'ukuri birabonekera mu kuba ritagiramwo uburyarya mu vya kahise be n'ukuntu rifitaniye isano n'ibintu vy'ubuzima bwa misi yose gushika n'ubu.

N'ubwo bir'uko, abakristo benshi baracyumvamwo ko ibibazo vy'ubuzima bibarengeye, naho Ivyanditswe bidukura amazinda ku vyerekeye amahoro Imana itanga. Ayo mahoro ahabwa umwana w'Imana wese iyo yakiriye ubuzima bw'Imana na Mpwemu wayo. Ivyo ntibigaragaza agasembwa canke ikibazo mw'Ijambo ry'Imana, ahubwo ni ikibazo kiri mwishengeru ry'iki gihe.

Amamiliyoni y'abakristo baba mu bihe biruhije n'uguhagarika umutima, atari kubera ko bafise intege nke, ahubwo ni kubera ko bariko barikorera imitwaro Imana itigeze ibagenera kwikorera. Aho gushira amaganya yabo kuri Yesu mumwaka wavugiweko ko ari uwamavuta atangaje, barayafata bakayikorera ubwabo nyene. Ntiwahamagariwe kuba uwikorera inkuru mbi. Ico ubwirizwa gukora n'ukugendera mu mahoro atunganye n'intsinzi Kristo yamazye kuguha.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sintwara inkuru mbi! Si njejwe kwikorera uburemere bw'ibintu nshobora guhura navyo. Nkorera Imana yanteguriye inzira y'intsinzi, kandi nzoyigenderamwo!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abafilipi 4:6.



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 67**
Guharura 23-25; Mariko 6:32-56

ISENGESHO RIVUYE IBWINA MU MUTIMA

Mariko 11:24

Ni co gituma ndababwiye yuko ivyo musenga vyose musaba, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona.

Ubugororotsi bw'amasengesho ntibupimwa n'imvugo nziza canke umuziki ugenda neza. Igihambaye cane ku Mana ni ukuntu umutima wawe uhagaze. Ukwizera gushinga imizi mu mutima.

Ivyanditswe bitubwira ngo: "Umutima ni wo umuntu yizeresha, akaronka ukugororoka." Ukwizera ni ikimenyetso cerekana yuko twizera Ijambo ry'Imana. Iyo useruye ukwizera kwawe mu majambo, bica bihinduka ikimenyetso c'ukwizera kuri mu mutima wawe. Abakristo benshi bibwira ko amasengesho yabo atishuwe kubera ko bataramenya uko kuri.

Ariko rero, tahura ko ukwatura kwawe mw'isengesho atari ugusubiramwo gusa ivyo Imana yakuvuzeko; ni ukuvuga ibihuye n'ukwizera kwawe bihuye n'Ijambo ry'Imana. Isengesho rivuye ku mutima rifise ububasha bwo guhindura burundu ubuzima bwawe no kugufungurira ivyiza vya Kristo. Cakira ubwo bubasha uno musi!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Iyo nsenga, umutima wanje urahuza n'ico Ivyanditswe bivuga kuri jewe! Biciye mu gusenga bivuye ku mutima, ndiko ndahinduka kandi ndiko ndatora inzira itomoye yo kuranirwa mu buzima bwanje!



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 10:10



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 68
Guharura 26-27; Mariko 7:1-23

KU WA KABIRI, ITARIKI 10
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

KUBOREGWA MURI MPWEMU YERA

Abanyefeso 5:18

Kandi ntumukaborerwe umuvinyu, urimwo ubuhumbu; ariko mwuzure Mpwemu.

Bishobora kugutangaza kumenya ko ukuntu abantu biyumva igihe banyoye inzoga, ibiyayuramutwe, canke ibindi bintu bisa n'ivyo, bifise ubushobozi busa n'ivyo Mpwemu Yera akora iyo "uborewe muri Mpwemu." Ku musu wa Pentekote, aho Mpwemu Yera yasukwa, abarorerezi baratwenga abigishwa, bavuga ibintu nk'ibi ngo «aba bagabo bategerezwa kuba baborewe», ntibamenya ko uwo munezero n'agahimbare nkako bishobora gushika gusa biciye mu busabane na Mpwemu Yera!

Iyo wuzuye Mpwemu, ni nk'aho umuyagankuba uca mu magufa yawe, mu maraso yawe, mu ntoboro z'umubiri, eka mu mubiri wawe wose, ugasubiza ubuzima kandi ugakomeza igice cose cawe! Iyo ufise Kristo, nta n'icomusubirira gihari; doze y'ikindi kintu cose nta co imaze.

Ikuremwo ivyipfuzo vy'umubiri n'ibisamaza, ushire amaso yawe hejuru, wuzure Mpwemu wiwe!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mpwemu Yera ari muri jewe ameze nk'umuyagankuba uca mu mubiri wanjye! Iyo nikuyemwo nkamuha ikibanza akaba ariwe andongora, ndakomera kandi nkitegurira guhangana n'ikibazo ic'arico cose!



KUNONOSORA INYIGISHO
Iyakozwe n'intumwa 1:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 69**
Guharura 28-30; Mariko 7:24-37

KU WA GATATU,
IGENEKEREZO RYA 11
NTWARANTE

Good News
DAILY

ABARAGWA BATARAKURA

Ab'i Galatiya 4 :1

Ariko mvuga yuko samuragwa, iy' akir' umwana, ata co atandukanako n'umugurano, nah' ari we nyen' ibintu vyose.

Mu misi ya kera, abami b'abanyacubahiro hamwe n'ingoma z'icubahiro baratunganya ivy'uruvyaro rwabo, ubutunzi bwabo n'iragi ryabo. Abafise uburenganzira bwo kuragwa ariko badafise ububasha bwo kwitaho iryo ragi, bitwa abaragwa badashitse canke batarakura. Ikibabaje ni uko aba kristo benshi babaho ubuzima bwabo bwose batakiriye iragi ryabo ryose riva kumana. Kubera iki? Kuko bagorwa no kureka ibinezereza vyo mw'isi ngo biyegurire Imana.

Muri kahise ndetse n'ubu, abaragwa batarakura canke badashitse baba ari abantu bakiri mu bwana bwabo, n'ukuvuga bakiri abana bato, ni co gituma muvyandiko vya bibiliya bivuga ko ababoshwe n'ivyipfuzo vy'isi bitwa abana! Igihe cose uzoba wizewe umunezero w'iyi si w'igihe gito, uzobaho nk'umwana, muni y'ivyo wategerezwa kuba wemerewe nk'umuragwa w'Imana. Gukura vy'ukuri gutangura iyo wakiriye iragi ryawe ryose muri Kristo!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Iragi Kristo yandaze rifise agaciro kuruta ubutunzi canke kumenyekana. Imana yangize umunyamahirwe! Ndarekuye isi kandi ndafashe ikibanza canje mu bidasanze. Ubukene ntibuzi inzu yanje, mw'Izina rihambaye rya Yesu Kristo Amen!



KUNONOSORA INYIGISHO
Ab'i Galatiya 4:3.



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 70**
Guharura 31-32; Mariko 8:1-21

KU WA KANE,
IGENEKEREZO RYA 12
NTWARANTE



ABASEGEREZA NTIBASHOBORA KWIHITIRAMWO

Ivyahishuriwe Yohana 1:6

Akaduhindura ubwami, no kuba abaherezi b'Imana yiwe, ni yo Se:
icubahiro n'inganji bibe ivyiwe ibihe bitazoshira. Amen

Imana yagize abana bayo abami n'abaherezi! Igice nyamukuru c'imyimenyerezo yawe ni ugutahura iyi ngingo ngenderwako yoroshe ariko ikomeye: abami ntibasegereza! Ushobora kuba warumvise amajambo ngo, "abasegereza ntibashobora kuba abahitamwo." Mu yandi majambo, iyo witwara nk'umusegerezi, wama wihebuye kandi wishimira bike, hakagera naho utakaza ubushobozi bwo guhitamwo ivyiza nyamukuru Imana yaguteguriye. Imana yaguhaye ububasha bwo gutsinda ibintu vyose n'ikigeragezo ic'arico cose.

Nk'uruvyaro rw'Imana, wahamagariwe kugendera mu buryo bugaragaza ubushobozi, ubuntu n'umusesekara bikwiye ubwami kubw'amavuta atangije ari kuri jewe. Naho kubaho nk'isi bishobora guhaza ku muntu w'umubiri, umuhamagaro w'Imana kuri wewe n'ukugendera hejuru cane. Genda nk'umwami, ntugende nk'uwusegereza !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi uw'iBWAMI! Isi nibiyirimwo biri muni yanje. Sinshobora kwigera mbura canke ngo nciye intege. Si ngombwa ngo nsegereze Imana ngo ihindure ubuzima bwanje; Yaramaze kubikora. Intsinzi ni iyanje!



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Peters 2:9



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 71
Guharura 33-34; Mariko 8:22-38



KU WA GATANU,
IGENEKEREZO RYA 13
NTWARANTE

ITERAMBERE RISHITSE

2 Ab'i Korinto 8:9

Kuko muzi ubuntu bw'Umwami wacu Yesu Kristo: yuko n'aho yari umutunzi, yahindutse umworo ku bwanyu, kugira ngo biciye mu bworo bwiwe mucike abatunzi

Muruno mwaka w'amavuta atangaje, ubukene ntakibanza bufise mu buzima rukristu! Naho ivyo bishobora gusa n'amajambo atera ubwoba canke atera impari, icanditswe kiremeza uku kuri mu vy'impwemu no mu vy'umubiri. Abana b'Imana ntibakwiye kugendeshwa n'inzira hamwe n'imikorere y'isi. Nkako, twahamagariwe kuzana kw'isi ubwami bwacu bwo mw'ijuru bw'uguterimbere n'umusekara bishitse.

Ushobora guhitamwo ubukene mu kwirengagiza ivyo Kristo yakuronkeye vyose biciye mu rupfu rwiwe n'izuka ryiwe, ugaca ubaho musu cane ya kamere y'ubumana canke ushobora guhitamwo kugendera mu musekara wuzuye w'isezerano ryose Imana yakuvuzeko ikanashitsa. Iragi ryawe mu Mwami Imana ni ubuzima aho ubukene, indwara, n'amagorwa bidakwiye kugushikako, ubuzima bw'ITERAMBERE RISHITSE KOKO!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatera imbere muvyo nkora vyose! Ndanse ubuzima bw'ubukene, buserukira nabi ingabirano Kristo yanteguriye. Ubutunzi bwanje n'uguterimbere kwanje ntakarimbi bifise. Amadirisha y'amahirwe n'imihezagiho bizondondera uyu mwaka!



KUNONOSORA INYIGISHO
Yohani 10:10



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 72
Luka 5:1-39; Zaburi 29-31

UWUTANGA URUKUNDO

1 Yohana 4 :20

Umuntu niyavuga, ati nkunda Imana, akanka mwene data wundi, aba ar'umubeshi. Kuko udakunda mwene Data yabonye ntashobora gukunda Imana atabonye

Mbega ntibitangaje ukuntu benshi bavuga ko bakunda Imana n'umutima wabo wose n'ubwenge bwabo bwose? Yamara urwo rukundo ntirwemewe mugihe rutagararije kubantu ushobora kubona n'amaso yawe. Ivyanditswe biratomoye, iyo ufise urwanko k'umuntu n'umwe, ivyo uvuga ko ukunda Imana ni ibinyoma! Biroroshe kwatura ko wihebeye Kristo, ariko urukundo nyarwo rugaragara mu kuntu ufata abandi.

Benshi baribaza igituma batigeze babona imihezagiro iri mu Vyanditswe, ntibamenye ko mu maso y'Imana, badaharurwa mu bayikunda vy'ukuri. Kubera iki? Kubera urwanko rwuzuye mu mitima yabo bafitiye abagenzi babo canke ababanyu babo. Kunda n'abatoroshe gukunda, atari kubera ko babikwiye, ahubwo kubera ko Kristo yabanje kugukunda, kandi agukunda no mu gihe wari mubi nawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nuzuye urukundo kandi ntanga urukundo! Urukundo mfise ku bandi ni ikimenyamenya c'ico Imana iri kuri jewe. Urwanko, ukwikunda n'umururazi ntibishobora kwigera biboneka muri jewe! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abaroma 5:8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 73**
Guharura 35-36; Mariko 9:1-32

KU MUSI W'IMANA,
IGENEKEREZO RYA 15
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

ICAHA KIBONEKA KANDI CAMAZE GUHANWA

Nahumu 1 :3

Umwami ateba kuraka, ariko afise ububasha bwinshi, ntatsindanishiriza na gatoya abo gutsindwa ; Inzira y'Uhoraho ica mu gashururu no mu kirura, kandi ibicu ni wo mukungugu utumurwa n'birenge vyawe.

Kamere y'umukristo w'ukuri ni ukubabarira n'ingoga, gukunda n'abantu batabereye urukundo kubera urukundo twagaragarijwe ubwa mbere biciye kuri Yesu Kristo ku musaraba. Naho ivyo ari vyo vy'ukuri ku mukristo wese, abantu benshi bafata iyo nyifato y'ubumana bakayigereranya no kuba umuntu w'intege nke canke kutikingira iyo umwansi aguteye. Ariko ivyo sikwo kuri !

Umurongo w'uyu musi utubwira ko Imana itazokwigera ireka abakurwanya ngo bagende badahanywe. Iyo ushize imitwaro yawe ku Mucamanza w'isi yose, wizere ko azogucira urubanza rubereye ivyaha umwansi yakugiriye vyose. Ukorera Imana ikomeye cane mu bubasha. Ntuhagarike umutima ku vyo umuntu yogukorera, Azokwishurira ikibi cose bakugiriye!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nkorera IMANA Y'UBUTUNGANE ! Kubw'amavuta atangaje ari kuri jewe, Igikorwa cose kibi satani yankoreye nticijanye gutyo. Umwansi wanjye ari MU CAHA KIBONEKA KANDI ARAMAZE GUHANWA ! NDI UWUNESHA !



KUNONOSORA INYIGISHO

Gusubira mu vyagezwe 32
:4



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365- UMUSI WA 74

Gusubira mu vyagezwe 1-3; Mariko
9:33-50

KU WA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 16
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

IVYUMBA VY'IBITARO BIGARAGARA

Yesaya 53:5

Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kand'imishishagu yiwe ni yo idukiza

Nk'umwana w'Imana, amagara y'Imana ni uburenganzira bwawe biciye ku mpongano Kristo yakuronkeje biciye ku kuzuka kwiwe. Ubuzima bw'indwara, no kuja mu bitaro ntivyigeze biba mu mugambi w'Imana. Anka umugambi wose wa satani wo kuzana indwara mu buzima bwawe no mu buzima bw'umuryango wawe, Kristo yararishe kugira ngo ugire amagara meza!

Iyo ugendera muri ukwo kuri, Imana iguhamagarira kuba uwutwara kandi atanga ubwo bubasha nyene bwo gukiza abandi bagwaye. Imana yaguhaye ububasha ku ndwara yose. Ni inshingano yawe gukiza abarwayi no kubakura mu mw'ijima bakaza mu muco w'ubuninahazwa bw'Imana, gushika aho ivyumba vyose vy'abagwayi b'indembe (urgences), ibitaro vyose, n'ikigo cose co gusubiza mu buryo abarwayi bisigara bigaragara!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye ubuzima bw'amagara y'Imana! Yampaye ubushobozi bwo gutanga ubwo bubasha bwo gukiza nyene abakeneye gukira! Indwara ni ikintu kitemewe mu muryango wanjye, mw'Izina rya Yesu!



KUNONOSORA INYIGISHO
Mariko 16:17-18.



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 75

Gusubira mu vyagezwe 4-6; Mariko
10:1-31

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 17
NTWARANTE



IGIKORESHO (GPS) C'IMANA

Ab'ifilipi 1:6

Kandi ico nizigiye ntakekeranya, n'uko uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musu wa Yesu Kristo

Igikoresho co kumenya aho uri kw'isi yose (GPS) gikoresha ibimenyetso vy'inyenyeri (Satellite) kugira ngo kimenye neza aho uri no kukwereka icyo ugiye. Kimwe mu bintu bitangaje cane biyiranga ni ubushobozi ifise bwo kuguhindura inzira. Naho woba wakatiye ahatari ho, yama igusubiza mu nzira ijana aho ugiye.

Ku mukirisu, Imana ikora gutyo nyene. Ititaye ku makosa canke amakorosi mabi wakoze, iguma ikora kugira ngo ikugarure mu nzira y'ico Kristo yaguhamagariye kuba. Ntukite cane kuri kahise kawe. Imana ntiyibanda ku makosa yawe; Yiyemeje kugusubiza no kukuyobora mu nzira igorotse ku ntambwe yose y'ubuzima bwawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ukuroraniye gutegerzwa kunshikira icyo ukurikiye inzira Kristo yateguriye. Naho noba nagiye ndahusha mu bihe bya kera, ndazi neza ko igikorwa ciza Kristo yatanguye muri jewe, azokirangiza mw'izina rya Yesu ry'ububasha!



KUNONOSORA INYIGISHO
Yeremiya 29:11



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 76**

Gusubira mu vyagezwe 7-9; Mariko
10:32-52

KU WA GATATU
IGENEKEREZO RYA 18
NTWARANTE



IJISHO RY'IGIHUHUSI

Ivyahishuriwe Yohana 3 :15-16

Ngo ndazi ibikorwa vyawe, yuko udakonja canke kandi ntubire. Icompa ugakonja cank'ukabira ! Nuko rero kuko uri akazuyazi, udakonje ntubire, ngira nkudahwe

Mu vy'imihindagurikire y'ikirere, ibihuhusi bikomeye nka hurricanes birashika iyo umuyaga ushushe n'uwukanye bihuye, bikaba bituma ikirere kidahagarara neza. Ivyo bituma haba imiyaga ikaze, imvura nyinshi cane be n'imiterere y'imiyaga ikaze y'akaduruvayo mukirere. Yamara hagati muri ivyo vyose hari ijisho ry'igihuhusi, ugutekana guhenda gukikujwe n'ugusambura.

Nkuko nyene, kuba umuntu ashusha kandi akanye ku bijanye n'ivy'Imana, biratuma haba akajagari n'ukudashikama mu vy'impwemu. Ubuzima bwo kuba mumana igice kimwe ukaba hanze y'Imana ikindi gice, busa nkuko atakibazo burimwo, ariko burazana ugusambura amahoro yawe, intumbero yawe n'ubucuti ufiteye n'Imana. Mur'uyu mwaka mushasha w'amavuta atangaje hitamwo uno musu gushira ivyiyumviro vyawe vyose kuri We. Gira umuriro muri wewe w'ivy'Imana, uzobona ibitangaza vyawe bitagira uko bingana bifata ishusho mu buzima bwawe!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse kubaho ubuzima bw'akazuyazi! Nditanze wese mukudwebera mu buzima Kristo yampaye. Mu kubaho ku bw'Imana, ndiko ndakuraho ibihuhusi vy'amagorwa n'ugusamburwa mu buzima bwanje. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yakobo 1:8.



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 77
Gusubira mu vyagezwe 10-12;
Mariko 11

IJAMBO MU BIKOKO VYO MW'ISHAMBA

Mariko 1:13

Amarayo imisi mirongwine, ageragezwa na satani kandi yaba hamwe n'ibikoko, abamarayika bakamukorera

Kuja mumwiherero biza imbere yo guhishurirwa! Kuva mw'Itanguriro gushika mu Vyahishuriwe Yohana, ukwiherera ni ngombwa kugira ngo umuntu akureho ikintu cose coshobora kumusamaza canke kumutesha intumbero. Hafi abantu bose bakomeye bo muri Bibiliya bamara umwanya biherereye bakaronka inyigisho ziva ku Mana imbere y'uko binjira mu guserura neza umuhamagaro wabo. Paulo yamaze imyaka itatu muri Arabiya, Musa imyaka mirongo ine mu bugaragwa, Yesu na we imisi mirongwine mu bugaragwa. Ivyo ntivyari ibintu vyashitse bitateguwe; cari igikoresho gikenewe kugira ngo amatwi yabo yumve Ijambo ry'Imana.

Kwiherera bisigura gucecekesha urusaku, mbere n'igihe rwoba rugukikuje, no gushiramwo ivyiyumviro vyawe ku co Imana ishaka gushiramwo mu mpwemu yawe. Mu kiringo Yesu yari yiherereye, yarashikiwe n'ibintu vyamusamaza, kuva ku bitero vy'amadayimoni gushika ku bikoko, yamara yagumanye intumbero yiwe. Aho ni ho, mu bukomezi bw'ukurwanywa kwo mu vy'impwemu no ku mubiri, abamarayika bamukorera. Hitamwo ubwiherero muruno mwaka w'amavuta atangaje

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Iyo mfashe umwanya wo kwumviriza Imana, mbere no hagati mu bikoko vyo mw'ishamba no mu bintu bisamaza, ndakomezwa kandi nkitararikwa!



KUNONOSORA INYIGISHO
Matayo 6:6.



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 78**
Gusubira mu vyagezwe 13-15;
Mariko 12:1-27

KU WA GATANU
IGENEKEREZO RYA 20
NTWARANTE



UMUZINGA W'INZUKI

Imigani 13:20

Gendana n'abanyabwenge nawe uzogira ubwenge, ariko ucudika n'ibipfu azokomereka

Ukuroraniwa kw'inzuki n'ukurokoka kwayo bivana n'umugwi biri kumwe. Mu muzinga, uruyuki rwose rurafise uruhara, abakozi barakoranya ubuki, abaforoma baritwararika abana, abarinzi barazikingira, umwamikazi na we agata amagi kugira ngo hashobore kuboneka inzuki nshasha zizovuke zikomeze kugwira. Iyo imwe inaniwe, umutekano n'ugushikama kw'umuzinga birashikirwa n'ingorane. Natwe nyene nk'abana b'Imana, kenshi dufata minenerwe ingaruka zo kwikukuza abantu batari bo.

Iyumvire ukuntu ugendana na Kristo nk'umuzinga wo mu vy'impwemu ugizwe n'abantu bashizwe mu kibanza co kugusunikira ku muhamagaro wawe. Kwemerera ibintu bibi bishobora gutuma ugukura kwawe guhungabana, bigatuma ubuzima bwawe bugenda nabi. Ivyanditswe biragabisha ko kwifatanya n'ibijuru bijana mu gutikizwa. Hitamwo neza. Ikikuze abantu bafise ivyiyumviro nk'ivyawe kandi bakunda cane guteza imbere Ubwami bw'Imana. Umuhamagaro wawe ufise agaciro kanini cane ku buryo udakwiye kwifatanya n'abantu ataco bitayeho mu vyerekeye ivy'Imana yaguhamagariye gukora.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndiko ngendera mu bwenge! Nditandukanya n'impwemu zose z'ubupfu. Imigenderanire yanje yerekana ingingo mfatirwako yo mw'ijuru. Ndifatanya n'abantu b'Imana bafise iyo bariko baraja kandi badasamara bameze nkanje !



KUNONOSORA INYIGISHO
1 Ab'i Korinto 15:33



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 79**
Luka 6:1-24; Zaburi 32-34

KU WA GATANDATU,
IGENEKEREZO RYA 21
NTWARANTE



INYIGISHO ZABANTU

Mariko 7 :13

Murahindura ubusa ijambo ry'Imana kubera imigenzo yanyu mwigishije,kandi mukora vyinshi ben'ivyo.

Abakristo ama miliyoni bagira ibibazo kubera ko bafata amajambo canke imigenzo y'abantu bakayigira inyigisho. Ivyanditswe vyerekana neza ko kimwe mu bintu bikeyi bishobora gutuma Ijambo ry'Imana ritagira ubushobozi ari ugushira imigenzo yakozwe n'abantu hejuru y'Ijambo ry'Imana ritananirwa.Umubiri ukoresha kw'Isi ni nk'ishusho gusa, wewe nyakuri ni impwemu. Ivyo bisigura ko umuco w'igihugu cawe, igisagara cawe, n'umuryango wawe vyategerezwa kwisunga ubukuru burenze bw'Ijambo ry'Imana.

Nimba imigenzo y'isi ishize imbere ubukene, ishari n'inzigo, akabonge, canke ivyiyumviro vyose bivuguruza ingingo ngenderwako y'Imana, bihakane. Mwene ivyo bintu bigamije kukwiba imihesagi n'ibintu vy'ukuri vyo muvy'impwemu bihishurirwa mu vyanditswe. Igihe wakira Kristo, waruvutse ubwa kabiri mu muco wo gukora ibintu neza cane no kuganza ivy'isi n'ivy'impwemu. Gendera muri ubwo bwiza uno musi !

UKWATURAKW'UBUVUGISHWA

Ndanse imigenzo y'iy isi! Ivyizerwa vyose canke umugenzo wose udashinze imizi mu vyanditswe ntakibanza ufise kuri jewe.Ijambo ry'Imana niryo bubasha bwanyuma mu buzima bwanje; Ngendera mu kwuzura kwabwo kwose uno musi !



KUNONOSORA INYIGISHO
Abikolosayi 2 :8



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 80**
Gusubira mu vyagezwe 16-18;
Mariko 12:28-44

KU MUSI W'IMANA,
IGENEKEREZO RYA 22
NTWARANTE



IGISUMA CUMUNEZERO

Yesaya60 :22

Umuryango mutoyi cane uzoba abantu igihumbi, n'umugwi mutoyi cane uzoba ihanga rikomeye. Mugihe gikwiye, jewe Uhoraho nzobikora.

Hari imvugo bakunda kuvuga ngo, "Ukwigereranya ni umusuma w'umunezero."Iryo ryungane risanzwe ryerekana ukuri gukomeye kwo muri Bibiliya. Abakristo benshi baratakaza amahoro n'umunezero bafise mukugereranya ivy'ubutunzi, ivy'urugo canke ivy'umwuga wabo n'ivy'abandi. Ivyanditswe biradukura amazinda ko Imana yipfuza kandi ishaka kuduha ivyiza gusa. Nk'Umuvyeyi w'inkerebutsi kandi azi vyose, arazi umwanyu mwiza, inzira n'igihe ciza co kurekura iyo mihezagiro.

Intambara ntizisobanura ko Imana yaguhevyeye, eka mbere ntizisobanura ko imisi ikomeye itari imbere. Ntukigere ugereranya ubuzima bwawe n'ukunanirwa. Abandi boshobora gusa n'abarikure cane, mugabo ihiganwa si iry'abanyaruka. Imana ifise umugambi utunganye k'ubuzima bwawe, wuzuye imihezagiro yizewe!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Singereranya ubuzima bwanje n'ubuzima bw'abandi! Ndazi ko Imana ifise umugambi udasanze kandi w'igitangaza kuri jewe. Sinzokwigera ngira isoni canke ngo ncike intege muruno mwaka w'amavuta atangaje; Nkorera Imana ituma ibintu biba! Haleluya!



KUNONOSORA INYIGISHO
Umusiguzi 9 :11



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 81**
Gusubira mu vyagezwe 19-21;
Mariko 13:1-20

KU WA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 23
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

KWIPFUZA IVY'ABATUBAHA IMANA

Zaburi 37 :12

Umunyakibi aja inama yo kugirira umugororotsi nabi, nkand' amuryaniriza imisaya

Benshi babaho mu cyumviro c'ikinyoma c'uko ishengero riri inyuma y'isi mu vyerekeye imibano, ivyo bikaba bituma bashima abafise ibibanza bihambaye mu bwami bw'umwiza. Ariko rero, icanditswe kiratomoye. Umuntu yoshobora kuba afise ubutunzi bwinshi n'ububasha, ariko iyo uzi uwo uri we, hamwe n'uwo wegukira, ikibanza c'umuntu uwo ariwe wese kiragabanuka iyo ugereraniye n'ico.

Mu gushima abatubaha Imana, uba wugururiye ububasha bwabo kuri wewe, kandi, mu kwagura, ukugururira Satani, buhoro buhoro ugafata ingeso z'isi kuruta ubugororotsi. Muri Kristo, ufise ubutunzi, ikibanza n'ububasha vyinshi cane kuruta umuntu wese afatanye n'umwiza. Uretse ko Imana yaguhaye ibihagije; waranateguwe incuro igihumbi kandi ufise ububasha bwo gutsinda ingorane yose umwansi yozana.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndanse kwipfuza ubuzima bw'abatubaha Imana!Sinzokwigera nemera ngo umwansi ankoreshe. Ntaco bitwaye ubushobozi abo mw'isi boba bafise, nkorera Imana nini kandi isumba bose! Imana ishimwe.Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
1Yohana 4 :4



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 82**
Gusubira mu vyagezwe 22-24;
Mariko 13:21-37

KU WA KABIRI,
IGENEKEREZO RYA 24
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

VYOSE BIVA KURI WEWE

Yakobo1 :22

Ariko ntimube abumviriza ijambo ry'Imana gusa. Mubwirizwa gukora ivyo rivuga. Ahandi ho, mwoba muriko muribeshya mwebwe nyene.

Mbega mwari muziko urugero rw'ubuzima bwanyu, cane cane kubijanye n'uguterimbere m vy'ubutunzi n'amagara meza biva kuri mwebwe nyene? Uko woba uri umwizigirwa canke wihebeye Imana gute, ntizoguha amagara canke ubutunzi gusa. Ivyo si ingabire, ni ingaruka zo gushira mu ngiro Ijambo ryayo.

Imana yaguhaye Ijambo ryayo yitezeko, biciye mukurishira mu ngiro, isezerano ryose yaguhaye rizogaragara mu buzima bwawe. Yamara aba kristo benshi, batazi iyo ngingo ngenderwako, bafata inyigisho y'ikinyoma y'uko "ibintu bibi vyama bishikira abantu beza."

Ukuri ni uko, naho ukwiyemeza kw'umuntu ku Mana gufise agaciro, ntikugena uburyo umuntu agira ubuzima rukristo. Gushira mungiro ingingo ngenderwako zo mu vyanditswe nivy bibikora. Imana yaramaze kuguha ububasha n'ubushobozi bwo guhindura ubuzima bwawe. Ikibazo nyacyo ni iki, uzobikoresha?

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ukurorirwa kwose kuri jewe! Imana yaramaze kundonsa ivyo nkeneye kugira ngo nshobore kurorirwa. Uyu mwaka, nzokoresha ivyo yampaye vyose mw'izina ry'Yesu ry'ububasha! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Luka 10 :19



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 83**

Gusubira mu vyagezwe 25-27;
Mariko 14:1-36

GoodNews
DAILY

ICO UBONA NICO URONKA

YOSUWA 6 :2

Uhoraho abwira Yosua ati: Raba, ngabuye Yeriko mumabokon yawe, bo n'umwami waho n'abahizi baho b'ibishirira

Ibiboneka bitwarwa n'ibitaboneka vyo mw 'isi y'impwemu. Rero, imbere y'uko ushobora kuronka ivyo Kristo yaguhaye, utegerezwa kubanza kubibona bigaragara mu buryo bw'impwemu, ntubibone n'amaso y'umubiri, ahubwo ubibone n'amaso y'impwemu. Ivyo ni bimwe mu ngingo ngenderwako z'Ubwami.

Mu murongo w'uyumusi, Yosua aravuga ivyabaye imbere y'intambara y'i Yeriko. Imbere y'uko ingabo zose zikoranirizwa hamwe canke intwari izarizo zose zizanwa, Imana yaramenyeshye ko ico gisagara cari caramaze kugaburwa mu maboko yiwe. Yosua Ico yari akeneye gukora gusa ni ukubanza kubibona.

Imana yaraguhaye ivyo ukeneye vyose kugira ngo utere imbere kandi ukayangane. Bibone bigaragara mu buryo bw'impwemu biciye mu gusenga no gusoma Ijambo ryayo, kandi ntagukeneye ko bizofata ishusho mu bigaragara.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndabona ugutera imbere, amagara y' Imana, amahirwe, n'imihezagiro vyatanzwe mu kuboko kwanje ! N'ubunyene namaze gutsinda urugamba rwo kurwanya umwansi mu buzima bwanje bwose. Amen




KUNONOSORA INYIGISHO
Itanguriro 13 :14-15



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 84**
Gusubira mu vyagezwe 28-29;
Mariko 14:37-72

KU WA KANE,
IGENEKEREZO RYA 26
NTWARANTE



IMANA IVUGA IKI

Yobu 22 :28

Iyo ugize ico ugabira, kizokubera uko wagomba. Kandi umuco uzomurika mu nzira zawe

Abakristo benshi barahinduye nabi insobanuro y'ukuri n'akamaro k'inyigisho y'ivyo ijambo ryigisha kubijanye n'ubushobozi bw'ijambo. Kwatura si ukuguma ufise ivyiyumviro vyiza canke kwirinda ivyiyumviro bibi gusa, ni uguhuza amajambo yawe n'ukuri kw'ijambo ry'Imana. Umurongo w'uyumusi utwibutsa ko iyo dutegutse ibihuye n'ijambo ry'Imana, dukora ubugombe bwayo mu karere k'ibidukikije.

Kwatura si ugusubiramwo ata bwenge nk'inkukuma. Bigira ububasha gusa iyo amajambo yawe yerekana ivyo Imana ivuga kuri wewe. None, Imana Ivuga iki ? Ivuga ngo yaje kugira ngo utere imbere kandi ugire amagara meza. Ko ufise ubushobozi ku mpwemu ziganje ibirere n'izifise ububasha. Ko utari uwo muri yisi. Bivuge n'ubushizi bw'amanga! Si ukuri gusa muv'impwemu; ni ukuri kuri wewe no mw'isi y'ibigaragara.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amajambo mvuga ahuye n'ijambo ry'Imana. Uko natura ico ijambo rivuga ku buzima bwanje, ntuma bigaragara mu buzima bwanje, m w'Izina rya Yesu. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
2Abakorinto 4 :13



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 85**
Gusubira mu vyagezwe 30-31;
Mariko 15:1-24

KU WA
GATANU,IGENEKEREZO RYA
27 NTWARANTE

GoodNews
DAILY

GUKORA IVYOROSHE HAMWE NUKWEMEZWA

2 Timoteyo 4 :2

Uvuge ijambo ry'imana; uhore ugavye mu gihe gikwiye no mu
kidakwiye;uhane,wihanize,uhanure m'ukwihangana kwose no mu
kwigisha.

Muri iyi misi y'iherezo, abakozi b'Imana kw'isi yose barashimika ku
kamaro gahambaye ko gukiza imishaha mu gukura abantu mu mwiza
bakabajana mu muco w'Umwana w'Imana, Yesu Kristo. Ariko rero,
abakristo benshi bavuga ubutumwa bwiza gusa iyo vyoroshe, aho
kubikora iyo Mpwemu Yera abatumye kubikora. Umurongo w'uyumusi
utwibutsa ko ari inshingano ryacu kwitegurira gusangiza abandi
ukwizera kwacu, mu gihe bikwiriy no mu bidakwiriy.

Imana ntikora mu gihe dushaka. Igihe Mpwemu Yera akubwira ngo
uvuge, nturindire gushika igihe kibereye, bikore ! Yesu, akarorero kacu
gatunganye, yaravuze Ijambo n'ubushizi bw'amanga, atitaye
kubamwipfuriza inabi. Niwanke guseniyura ivyo Ijambo ritomora.
Ntukirengagize Mpwemu akubwira ngo ushikirize umuntu ubutumwa
bwiza. Hitamwo kwemezwa kuruta gukora ivyoroshe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nama niteguye gukwiragiza ubutumwa bwa Yesu Kristo ku muntu
wese, aho ariho hose, igihe cose ! Ubwoba bwo kwankwa
ntibuzokwigera bumbaza kwemezwa kwanje kwogufasha abandi.
Nkakumwe kwa Yesu, ndahitamwo kwemezwa aho guhitamwo gukora
ivyoroshe ! Amen



KUNONOSORA INYIGISHO
1Petro 3 :15



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 86**
Gusubira mu vyagezwe 32-34;
Mariko 15:25-47



HEJURU Y'IBINTU

Abaroma 12 :2

Ntimushushanywe n'ivyiki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy'Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.

Hariho ikibanza kirenze ibimenyerewe, ikibanza c'ubwiza aho Ijambo ry'Imana arirwo rufatiro ruhambaye kurusha izindi. Muri uku kuri kwo hejuru, a mategeko yonyene akora ava mw'Ijambo ry'Imana. Biciye kuri Kristo, ubu uri uwo muri ico kibanza, kandi Imana yaraguhaye Ijambo ryayo kugira ngo ikumenyereze ubuzima buri hejuru y'ibintu vyo mw'isi. Rero, ntukigere uvuga ngo "Ndimunsi y'ibintu", ivyo ntibishobora kwigera biba ukuri kwawe. Muri Kristo, uba hejuru y'ibintu bibi vyose.

Kugira ngo ugendere mu buzima bwo hejuru, ivyiyumviro vyawe bikwiye kwama biciye bugufi musi y'Ijambo ry'Imana ku musi ku musi. Mu gushira umubiri wawe munsi y'ukuri kw'Imana, urava mu ngeso z'isi z'ingwara, ubukene, akabonge n'amagorwa, maze ukaja mu vy'ukuri vyawe bishasha vy'umusesekara n'ugutera imbere.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mbayeho hejuru y' ibinshikira vyose ! Mbayeho ubuzima buri kure y'ingorane isi ihura nazo. Navukiye mu kibanza c'ubwiza bw'Imana ! Amen



KUNONOSORA INYIGISHO
Abanyefeso 2 :6



GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 87
Yosuwa 1-3; Mariko 16

KU WA MUNGU,
IGENEKEREZO RYA 29
NTWARANTE

GoodNews
DAILY

NKA SE N'UMWANA

2Ab'iKorinto 3 :18

Tweho twese, ko tutitwikiriye mu maso, tukerekane nk'icirore ubwiza bw'Umwami, turahinduka, tugashushanywa n'iyo shusho, tukava mu bwiza tukaja mu bundi, nk'abahindurwa n'Umwami, ari we Mpwemu

Umwami Yesu ntiyabayeho kw'isi nk'umwana w'Imana mu bwiza bwayo bwuzuye, ahubwo nk'umwana w'umuntu. Yahisemwo gukora nk'umuntu kugira yerekane ko ibitangaza n'ibimenyetso yakoze bishobora no gukorwa n'umwana w'umuntu, mbere n'igihe uri muri uyu mubiri wo kw'isi.

Uko usoma ubutumwa bwiza kandi ugashingira intahe zikomeye ibango ryiwe, ntubone ibikorwa vyiwe nk'ibidashobora gushikwako. Kristo yaje kuba akarorero katagira agasembwa, k'ingene twagenewe kubaho. Urupfu rwiwe ku musaraba ntirwari urwo gucungura gusa; rwari kugira ngo muronke kandi mugendere mu bubasha n'ubuzima nk'ubwo afise.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mfise ubuzima bwa Kristo muri jewe! Umwami Yesu niwe karorero kanje katagira agasembwa, kandi uko nsoma kandi nkiyumvira Ijambo ryiwe, ndahinduka buri musu nkaja mw'ishusho yiwe nyene. Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
1Yohana 4 :17



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 88**
Yosuwa 4-6; Yohana 1;1-28

KU WA MBERE,
IGENEKEREZO RYA 30
NTWARANTE



IBIZOBA, BIZOBA

Luka 10 :19

Ehe mbaye ububasha bwo gukandangira inzoka na sikuropiyo, n'ubwo kunesha ubushobozi bwa wa Mwansi bwose, kandi nta kintu kizogira ico kibagira na gatoya

Hariho abakristo benshi bananiwe kumenya ubushobozi bafise bwo guhindura ibintu vyabo. Benshi bahitamwo kureka ibintu bikaba arivyo bibatega ivyo bazovamwo, aho gutuma habaho impinduka. Amajambo nk'aya ngo "Ikizoba, kizoba" canke " Nimba ari icanje, kizoba kuri jewe" ni ibinyoma biva ku mwansi bigenewe kubuza iragi ryawe.

Nk'umuntu yavutse ku Mana, warahawe ububasha n'ubushobozi bwo gutembagaza umugambi wose n'ivyiyumviro bibi vy'umwansi. Ushobora guhamagara ivyo Kristo yaguhaye vyose ngo bibeho. Ivyo bisigura ko ushobora gutegeka ugutera imbere kwawe, amagara yawe y' Imana, no gutegeka ubwoko bwose bw'imihezagiro kuza vyihuta mu buzima bwawe. Fata Ijambo ry'Imana uno musu, ugendere mukuri kwaryo, maze ubone ubuzima bwawe buhinduka ibihe bidashira.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinshobora kuba impumyi ! Ntakintu nakimwe kirenze ubushobozi bwanje bwo kugihindura. Sindiumukristo adakora; Ntuma ibintu bikora! Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Abafilipi 4 :13



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 89**
Yosuwa 7-9; Yohana 1:29-51

KU WA
KABIRI,IGENEKEREZO RYA
31 NTWARANTE

GoodNews
DAILY

UKUTAMENYA IJAMBO

Hoseyan 4 :6

Abantu banje baranduwe nokutagira ubwenge : wewe ko wataye ubwenge, nuko nanje nzoguta, ntuzoba ukiba umuherezi wanje ; ko wibagiye ivyagezwe vyanje, Imana yawe, nanje nzokwibagira abana bawe

Imbere y' amategeko, ukutamenya ntabwo ari icitwazo kibereye. Ikibabaje ni uko abakristo benshi batazi ukuri kwo mu vyanditswe. Kubw'ivyo, babaho ubuzima busanzwe bw'umubabaro, ubukene, kuburanirwa n'ingorane. Si kubera ari ubugombe bw'Imana, ahubwo ni kubera ko batazi ivyo bagenewe.

Bibiliya iratomoye : Abantu b'Imana bishwe no kutamenya, si kubera umwansi afise ububasha bwinshi cane, ariko kubera ko ata birwanishwa bafise vyo kumurwanya. Ijambo ry'Imana niryo bubiko bwawe bw'ibirwanisho. Mu kurisoma no kuryiyumvirako, uraronka ibirwanisho vy'impwemu vyo gutsinda igitero cose ca satani. Wanke kuba muni y'iragi ryawe. Gendera mu bubasha n'amasezerano y'Ijambo ry'Imana !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umukristo yiga ! Biciye mu gusoma Ijambo ry'Imana, ndiko nditegurira urugamba. Iyo nsomye Ijambo, umwansi ntamahirwe aronka! Imana ihabwe icubahiro.Amen.



KUNONOSORA INYIGISHO
Yesaya 5 :13



**GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365-
UMUSI WA 90**
Yosuwa 10-12; Yohana 2



Igitabo c'Inkuru nziza Buri musi kibahereza imigwi itandukanye y'inyigisho ziyumviriweko kuva kubana bato hamwe n'imiya baba, bigahereza igitabo nyamukuru c'abakuzi. Integuro yose itanga ljambo ry'ubuvugishwa ry'umusi ku musi rivuye mu mutima w'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel, rikashikirizwa mu buryo buvugira ku ntambwe yose y'ubuzima kandi bugahuza umwe wese mu bagize umuryango wose.

Ibi bitabo vyashizwe hamwe neza kugira ngo ljambo ry'Imana rihinduke rizima mu buryo bworoshe kandi buzana impinduka, bifashe abasomyi gukura mu kwizera, mu gutahura no mu gukura mu vy'impwemu. Intumbero yacu ni ugutuma ukuri kw'Imana gushika mu mutima w'umuntu wese kandi tugafasha imigwi yose abana, imiyabaga, abakuzi bigatuma umuntu agendana n'Imana buri musi.

IGITABO C'IMIYABAGA

Kija I bwina kigatanga inyigisho zokemeye, zituma imiyabaga ishobora guhangana n'ibibazo vy'ubuzima ikoresheje ubwenge n'ubushobozi vy'impwemu.

IGITABO C'ABANA

Kigenewe gutanga ivyiyumviro vy'ishimikiro vy'ukwizera, urukundo n'amasezerano y'Imana mu buryo bworoshe kandi buryoshe kandi bufasha imitima y'abakiri bato gutsimbataza ubucuti bukomaye n'Imana no gutuma Bibiliya icika ubuzima.



Imisi yose, uzoronka ljambo ryawe ry'Ubuuvugishwa ry'Umusi ryanditswe n'Umuvugishwa Uebert Angel, ubutumwa buva ku Mana bwo gukomeza urugendo rwawe n'Imana no kukuyobora mu kubaho wisunze ljambo ryayo. Ni uburyo bukomaye imiryangano ikurira hamwe mu kwizera no kurushiriza gutahura ukuri kw'Imana.

NTIBIGUCIKE!

Tangura kwibonera ububasha buhindura bw'Inkuru nziza ya Buri musi, ubuyobozi bw'ubuvugishwa bugenewe kuduza no gutera intege kera runganwe rwose!





UMWAMI WACU YESU KRISTO

Umwami wacu Yesu Kristo ni we buye ry'imfuruka ry'ukwemera rukristo. Ubuzima bwiwe n'inyigisho ziwe vyaragize ico bikoze cane ku bijanye n'ingene kahise kagenda. Umwami wacu Yesu Kristo azwi cane kubera imbabazi ziwe zitagira uko zingana, ubukerebutsi bwiwe n'ibitangaza yakoze. Ubutumwa bwiwe bwari bushingiye ku rukundo, imbabazi, n'isezerano ry'ubugingo budashira, bugatanga icizigiro n'ugucungurwa ku bamwizera bose. Mu gikogwa ciwe cose, yaragendeye ibihugu vy'i Yudaya, arakiza abarwaye, arahumuriza abagowe, yigisha ivy'ubwami bw'Imana budashira.

Kwakira Yesu Kristo nk'Umwami wawe n'Umukiza wawe bwite bisigura kwemera inyigisho ziwe no gutumira ukubaho kwiwe guhindura mu buzima bwawe. Ni urugendo rugushitsa kuguhazwa mu vy'impwemu, rushingiye ku kwizera, urukundo n'isezerano ry'agakiza.

Biciye mu Mwami wacu Yesu Kristo, turaronka inkomezi, ivyizigiro, n'inzira ijana mu mahoro yamaho. Gukira, canke gukizwa, ni ukwiyegurira Imana no k' umugambi n'intumbero yayo ku buzima bwacu. Ni ukuva mu ngeso za kera tugahindukirira Yesu Kristo, tukamusaba imbabazi z'ibicumuro vyacu, akaduha ubuzima bushasha muri we.

ABAROMA 10:9

"Kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mumutima yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa."

Agakiza ni ingabire y'Imana ku buntu itugira abana bayo. Ni ukwemererwa mu muryango w'Imana burundu no guhabwa ubushobozi bwo kubaho mu buryo bushitse kandi bw'ukuri, ufise intumbero yo kwerekana Imana ku bindi biremwa vyayo vyose.



WOBA WARAKIRIYE

UMWAMI YESU?

"Kuko umwana w'umuntu yazanywe no kurondera no gukiza icari carazimiye"-Luka 19:10

TURAGUTUMIRIYE KWAKIRA YESU KRISTO NK'UMWAMI W'UBUZIMA BWawe BICIYE MU GUSENGA RINO SENGESHO

"Mwami Imana, ndaje kuri wewe mw'Izina rya Yesu Kristo. Ndizera n'umutima wanjye wose Yesu Kristo, Umwana w'Imana nzima. Ndizera ko yapfuye kubwanjye kandi kw'Imana yamuzuye mu bapfuye. Ndizera ko ari muzima uyu musu. Ndatuye n'akanwa kanjye ko Yesu Kristo ari Umwami w'ubuzima bwanjye kuva uyu musu. Biciye muri we no mw'Izina ryiwe, ndafise ubuzima budashira, ndavutse ubwa Kabiri"

Urakoze Mwami Mwami gukiza umushaha wanjye!
Ubu ndi umwana w'Imana. Haleluya!"

Turagukeje!
Ubu rero ubaye umwana w'Imana.

Bandanya gukura mu kuguma mw'Ijambo ry'Imana, gusenga buri musu no kugumana ukwizera kwawe gukomeye. Imana ifitaniye nawe urugendo rukomeye cane imbere yawe.

Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe nk'umukristo, wotwandikira:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsdaily.com





IMIRONGO YA BIBILIYA YO
GUKINGIGWA

Ukujwe n'ubushobozi bw'Imana, nta kibi cokugwanya cokunesha!

YESAYA 54.

14. Ndakomeye kuko nshinzwe mu bugororotsi. Ndi kure cane yicongwanya cose, ntaco ntinyi! Ibitera ubwoba ntibizonyegera!

15. Nihagira abantera, sinzokwigera nibwira kwari Imana yabarungitse. Kandi nihagira uwuntera, ntaco bizovamwo.

16. Ehe ni Imana irema umucuzi ahuha amakara y'umuvuba, agakuramwo ico kurwanisha kubwo ubuhinga bwiwe; ariko kandi niyo irema umuranduzi wokugeseza.

17. Ariko nta kirwanishwa bacuriye kundwanya kizogira ico kimara; kandi ururimi rwose ruzompagurukira kumburanya, rutsindwa ruboneke ko ruvuga ibinyoma. Ndi umukozi w'Imana kandi ivyo nivy vyonyene nshobora kwitega kandi Imana izobishitsa vyose bimviremwo ivyiza gusa.

Ibi nivy Imana ivuze kuri jewe kandi Ijambo ryayo ntirizonanigwa mw'Izina rya Yesu!

Kugira ngo ubandanye ukura murugendo rwawe nk'umukristo, wotwandikira:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com



SCAN ME



INGABIRE

YAGAKIZA

ABAROMA 10:9

“Kuko ni waturisha akanwa yuko Yesu ar’ Umwami, ukizera mu mutima yukw Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa.”

Agakiza ni igitangaza gikomeye kuruta ibindi vyose. Ntibironswa n’ibikorwa vyiza canke utwigoro tw’idini, ni ingabire y’ubuntu iva ku Mana. Igihe Yesu Kristo yapfa akazuka, yugururiye inzira umuntu wese yo gukizwa icaha, akinjizwa mu buzima budashira. Amaboko yiwe arafunguye cane, yiteguriye kwakira uwo wese yizera kandi akambaza izina ryiwe.

Ntaco bitwaye aho wabaye canke ivyo wakoze. Amaraso ya Yesu yoza icaha cose, amakosa yose, n’ukunaniwa kwose. Mu kanya gatoyi k’ukwizera, kahise kawe karafutwa, maze ubuzima bushasha bugatangura. Ico ubwirizwa gukora n’ukwizera mu mutima wawe ko Yesu ari Umwami ukamwatura n’akanwa kawe. Ubu nyene, urashobora kumwakira.

Vuga uti: “Mwami Yesu, ndizera ko wampfiriye kandi ukazuka. Ndakwakiriye nk’Umwami n’Umukiza wanje.”

Aho birarangiye, uravutse ubwa Kabiri! Uravuye mu rupfu ushizwe mu buzima.





AKANYA

KUGUKIRA KWAVE

1 PETERO 2: 24

"Ubwiwe yikoreye ivyaha vyacu mu mubiri wiwe, abambwe ku giti, kugira ngo dupfuye ku vyaha tubeho ku kugororoka; inguma ziwe ni zo zabakijije."

Gukira si umuhango canke isezerano urindiriye ko rishika; ni igikorwa carangiye. Igihe Yesu yamanikwa kuri urya musaraba, ntiyikoreye ivyaha vyawe gusa, yikoreye indwara yose, ububabare bwose, n'ubumuga bwose. Imishishagu yo ku mugongo wiwe yari ikiguzi kubwugukira kwawe n'ukumererwa neza kwose.



Ntubwirizwa kumera nk'uwuriko aragwana kugira ngo ukire; gukira kwawe kwarashikijwe haciye imyaka irenga ibihumbi bibiri. Ubu rero, igisigaye ni uko wovyizera. Igihe wakirye Yesu Kristo, ubwo bubasha nyene bwamuzuye mu bapfuye buratangura gukora mu mubiri wawe.

Vuga ubuzima ku gahimba kose k'umubiri n'igufa ryose. Anka kwibona nk'uwurwaye. Ahubwo, atura n'ubushizi bw'amanga ati: "Biciye mu nguma ziwe, ndakize."

Ubu nyene, ubwo bushobozi bukiza buriko buca muri wewe. Ikimenyetso cose c'indawara gitegerezwa gupfukamira izina rya Yesu.

Vyakire, ugukira kwawe kwashitse kuri hano!



IYEREKWA MPUZAMAKUNGU RIKENERA

UBURYO BW'ABANTU BO KW'ISI YOSE

BA UMUFATANYABIKORWA N'INKURU NZIZA YA BURI MUSI



Buri kwezi, abafatanyabikorwa bacu bitanga baratanga ku buntu kopi z'inkuru nziza ya Buri musi ku bantu bo mu bigo vy'impfuyi, mu mabohero, mu bitaro, mu bigo vy'abageze mu zabukuru, mu mashure, mu bigo vya Leta no mu bindi bibanza vyinshi kw'isi yose. Twararonse intahe zitagira uko zingana z'agakiza, ugukira, ukwibukwa n'Imana, n'ibindi bitangaza vyinshi bivuye kuri iyo nzira yo gukwiragiza kw'isi yose ino nkuru nziza ya buri muni.

Ifatanye natwe ube muri uwo muhari w'Imana w'ubuninahazwa, uhe umuntu impinduka ry'intango nshasha n'icizere gishasha c'ejo.

**Kugira mubandanye mukura mubuzima rukristo
mwoturondera kuri:**

UK: +44 3333 448 612 | USA +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | ZWE +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsdaily.com





UBUTUMWA BUMWE

MUNDIMI NYINSHI

KUKO UBUTUMWA BWA KRISTO NTA KARIMBI K'URURIMI BUFISE

Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kirahindura ubuzima kw'isi yose biciye mu gusobanurwa mu ndimi nyinshi zivugwa cane, kigatuma abantu amamiliyoni bashobora kureka ubumenyi bukiza bwa Yesu Kristo. Mu mahanga no mu mico kama, abantu kw'isi yose bariko barahura n'Ijambo ry'ubuvugishwa kandi bariko barahura n'Imana bigahindura ubuzima bwabo biciye muri iki gitabu.



Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kiramena inzitizi kandi kikavugana n'imitima y'abantu mu rurimi rwabo bwite kavukire. Kuva mu ngo no mu mashuri gushika mu mashengero, muri za kaminuza mbere no mu barongozi no mu baperezida, kiriko gishika ku rwego rwose rw'ikibano.

Mu gutwara Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umuvugishwa Uebert Angel mu mahanga yose no mu rurimi rwose, Igitabu c'Inkuru nziza ya Buri muni kiriko kirafasha gushitsa Inshingano Nkuru muri iki gihe.

USHAKA GUSHIGIKIRA KINO GIKOGWA KURIKIRANA URUBUGA
GWACU:

KAZE KUMBUGA

NGURUKANABUMENYI ZACU



**RONKA VYINSHI UYU MUSI MU GUKWIRIKIRANA URUBUGA
GWACU RWA INTERENETI**

Kurikirana urubuga rw' Inkuru nziza ya Buri muni kugira ngo uronke ibitabo vy'abantu bakuze, imiyabaga n'abana bato, kimwe cose canditswe neza kugira ngo gikomeze ukwizera kwawe kandi urushirize gutahura Ijambo ry'Imana.


Urubuga kandi rurafise ingigisho zifise ubukerebutsi zivuye ku Muvugishwa n'Imana Uebert Angel, amakuru mashasha ku bintu bishasha bibera mu mugwi ujejwe ibikogwa vyo kwandika inkuru nziza ya buri musi, n'ibintu vyinshi vyagenewe kugufasha gukura no gutera imbere mu bijanye n'ubuzima bwawe bwose.

Waba uriko urarondera ivyiyumviro vya misi yose bigufasha gukura, ihishurirwa ryimbitse, canke uburyo bwo kugumana n'ihanga ry'inkuru Nziza (Good News World) , ivyo ukeneye vyose biraboneka ahantu hamwe ku rubuga rw'inkuru nziza ya buri musi.




Gumana natwe biciye ku mbuga ngurukanabumenyi zacu:
[@goodnewsdailydevotional](https://www.instagram.com/goodnewsdailydevotional)


UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Nimwifatanye n'umuryango wacu w'abaduteze amatwi kw'isi yose batangura umusi wabo bumviriza Inkuru Nziza ya buri musi. Umviriza Inkuru Nziza y'Umusi kuri Spotify maze ibe umugenzi wawe mu nzira ijana mu gukura mu vy'impwemu no mu kuri kwa Bibiliya biciye mw'ihishurirwa n'inyigisho z'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel.



UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Turabazanira intahe z'ukuri ku ngaruka Inkuru Nziza ya buri musi yagize kw'isi yose biciye ku muhora wacu wa YouTube. Nk'inyigisho ya buri musi yambere, Inkuru Nziza ya buri musi, yarakoze ku buzima bw'abantu batagira uko bangana, ikwiragiza ubutumwa bw' ivyizigiro, urukundo n'ukwizera. Biciye mu nyigisho zikomeye cane z'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel, igitabu c' Inkuru Nziza ya buri musi caracitse igikoreshe gikomeye c'umuntu wese ku giti ciwe kikazana impinduka, kigatuma abizera bakomera mu rugendo rwabo n'Imana.



SUBSCRIBE NOW

GUMANA NATWE UGUME URI HEJURU

06:00 AM

ALARM FOR TODAY: A LIFE OF PEACE & JOY

**IBUTSWA IMISI YOSE GUSOMA INKURU NZIZA YA
BURI MUSI UCIYE HANO:**

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

www.goodnewsdailydevotional.com

GoodNews DAILY CONNECT

IJAMBO RISHASHA BURI MUSI , RIKORA VYOROSHE
KUMWE



ZIRI HANO

Gumana n'Ijambo aho uri hose! Ronka igitabo c'inkuru nziza ya buri musi, hamwe n'inyigisho zikomeye kandi zitera integer z'Umuvugishwa n'Imana Uebert Angel zizokomeza kandi zubake ukwizera kwawe buri musi.



Get it on
Google play



Available on the
App Store

UBUBIKO BWACU

IVYANKENEGWA VYOSE MUKIBANZA

KIMWE



IKORANIRIZO RY'INKURU NZIZA ZA BURI MUNSI

IGIHIMBA CA MBERE

Kubaho ubuzima bufise umusaruro muri Kristo bitangura n'icipfuzo co kumenya no gutahura Ijambo ry'Imana. Igitabo c'ikoranirizo z'inkuru nziza, canditswe n'Umuwugishwa n'Imana Uebert Angel, kiratuma ivyo gukurikirana vyorohe kandi bikaba bifise insiguro. Igitabo ca 1 gikoranya ibigabane vyinshi bikomeye vyuzuyemwo amasengesho n'inyigisho zijanye n'ibintu bitandukanye, vyose bikaba vyatunganijwe mu buryo bworoshe gukurikira no gutahura. Buri rupapuro rwugufasha gukomeza mu kwizera, kuronka ubumenyi bwimbitse muri iyi Nkuru Nziza, no kwibonera ububasha bw'Ijambo ry'Imana buhindura ubuzima buri muri.

KORESHA IYI KODE IRI MUSIC KUGIRA URONKE
SORDE Y'IBICE 10%: G O O D N E W S 1 0

SIKANA HANO
KUGIRA WINJIRE MU
BUBIKO BWACU
BWOSE





IGICE CA 1 | 2026

NZERO-RUHUHUMA-NTWARANTE

Igitabu c'inkuru nziza ya buri musi ni igitabo cakoze na Ambassade ya Mpwemu (Spirit Embassy):

Ishengero ry'Inkuru Nziza (Good News Church), risangiza abandi inyigisho z'ubuvugishwa n'amahishurirwa y'Umuwugishwa n'Imana Uebert Angel. Ryyimeje gukwiragiza ubutumwa bwa Yesu Kristo no gukomeza abizera rikoresheje Ijambo ry'Imana.

KUGIRA NGO UMENYE VYINSHI, CANKE UKABA UKENEYE GUSENGERWA, CANKE KWIFATANYA NATWE, RONDERA ISHAMI RYACU RIRI MUGIHUGU IWANYU:

Izina ry'Ishami: SPIRIT EMBASSY BUJUMBURA

Umuntu wobaza: BIGIRIMANA REGIS

Inimero za telephone: +257 61 06 81 40 canke +257 62 30 07 00

Mwotwandikira kuri email: spiritembassyburundi@gmail.com

Aho Dukoranira: TRANSWORLD RADIO, ROHERO AVENUE DE LA JRR INOMERO 27 (IMPANDE YA MESSE DES OFFICIERS)

Copyright © 2025 by Uebert Angel

All rights reserved.

support@goodnewsworld.com

www.goodnewsworld.com

Mushaka kubaza ibindi canke gutanga intahe yanyu mwotwandikira canke mukadukwirikirana kuri:

gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

Kugira mubandanye mukura mubuzima rukristo mwoturondera kuri:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com



SCAN ME



For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD

